ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№125 (22.033) ● 2011 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 2, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым

Гулъытэкіэ еІэзэн

Ныкъуэдыкъуэхэр спортым хэшэн зэрыхуейм щытепсэльыхьащ КЪБР-м и Парламентым щекІуэкІа «стІол хъурейм». Іуэхур къэзыІэтар Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэнымкіэ комитетырщ.

ЗЭУЩІЭР къыщыхэІуихым Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** жиІащ утыку кьрахьа Іуэхум пыщІа гугъуехь псоми щхьэихаУэ зэрыптепсэльыхьыпхьэр. ИтІанэщ депутатхэм Іэмал щагъуэтынур Іуэхум кьеэзэгъ хабзэ кьащтэну.

КЪБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министрым и кІуэдзэ **Уланов Юсуф** жиІащ ныкъуэдыкъуэхэр спортым хэпшэжь, ахэр гъащІэм хэзэгъэныжьыкІэ сэбэпшІуэхэзэрыхуэхьэр. Мы зэманым республикэм щопсэу ныкъуэдыкъуэу мин 70, ауэ абыхэм ящыщу физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зеэзытар зы процент кьудейщ.

Ди щІыналъэм щыІэщ «Нэфхэм спортымкІэ и федерацІэ», «Дэгуэм я урысей союз» Урысейпсо жылагьуэ физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэхэм я кьудамэхэр. Министерствэм абыхэм ахьшэкІэ защІегъакьуэ, зэхьэзэхуэхэр кьыдзэрагъэпэщын, нэгъуэщІ щыпІэхэм щекІуэкІ спорт Іуэхухэм зэтыфын папщІэ.

Уланов Юсуф тепсэльыхьащ мы Іэнатіэм егъэщІылІа гугъуехьхэм. Ахэр кьыхокІ мы Іуэхум хуэщІа спорт псэуалъэхэр, Іэмэпсымэхэр зэрамыІэм, ныкъуэдыкъуэхэм я спортым ахьшэу хуаутІыпщыр зэрымащІэм, щыпсэу щІыпІэхэм абыхэм зэращідэмылажьэм, н.кь.

Дзжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Тюбеев Албер** ттепсэльыхьащ єэыр зи унафэщІ Іэнатіэм мы Іуэхум егъэщІылІаУэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм.

Министрым и гугъу ищІащ зэфІэмыкьэныгъэхэми. Пэжщ, щыІэщ «Ветеранэм, ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжьэ хэкІуэтахэм псэуныгъэкІэ защІэгъэкьуэн» республикэ программэ». Абы кьыщыгъэльэгъуащ ныкъуэдыкъуэхэр физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ хэшэнымр, абыхэм я спорт зэхьэзэхуэхэр кьыдзэгъэпэщынымр, нэгъуэщІхэрэри. Аршхьэкіэ мы лэжьыгъэр щекІуэкІыр зэхэмыІэщ.

Тюбеев Альберт кьыхилхьащ ирикъ уу ахьшэ зыхуаутІыпыну спорт Іуэхуэр ягъэбедждыныну. Абы апхуэдэу жиІащ зи Іэпкьлъпкъхэм ящыщ кьызыдзэмыбгъэжи кьаХь екъулІэныгъэшхуэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэр куэду спортым кьыхэшэныкъ я Іуэхуэхэр зэщхьэщыгъэкІаУэ, лъэныкъуитІми егугъуи зэрыхуейр.

Медико-социальнэ экспертизэм КЪБР-мкІэ и Бюро нэхъыщхьэм кьыта бжьыгъэхэм ятепщІыхьмэ, ныкъуэдыкъуэхэм я процент 26,4-р гъащІэм хэгъэзэгъэжьын хуейщ физкультурэмрэ спортымкІэ. Нэхъыбэу ахэр тынщу мыбзуэфэхэрщ, зи кьупщьхьэхэр уэхэрщ, нэмкІэ, тхьэкІумэкІэ дерт зиІэхэрщ.

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и кьуэдзэ **Дорохинэ Лидие** тепсэльыхьащ еджапІэ хэхахэм щэсхэр гъащІэм хагъэзэгъэн мурадкІэ, физкультурэмрэ спортымрэ я кьыщэрагъэсбэн щыкІэм. Лъжьыгъэр гугъу зыщІыр Іэщіагъэлізхэр, программэ щхьэхуэхэр, Іуэхум хуэщІа Іэмэпсымэхэр зэрамыІэрщ.

КЪБР-м у зэныщІагъэр хъумэнымкІэ и министрым и кьуэдзэ **Гаевэ Аленэ** кьыхигъэщхьэхуКІащ ныкъуэдыкъуэхэр спортым хашэн, ахэр тэмэму псэуныр кьызэрагъэпэщын папщІэ, иджыри куэд зэфІагъэкІын зэрыхуейр, ауэ нэхъыщхьэр абыхэм хуэІэ бгъдыкьэкІэр зэрахъуэжьынкІэ зэрыарар.

ШыкІэ кьрагъэкІуэкьуэр сабий ныкъуэдыкъуэхэм зэрелЭзэм - интерапием - тепсэльыхьащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм я адэ-анэхэм я «Гу кьабзэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Куэдз Залинэ**. Сабий 80 хьу гупым илъэс хьуауэ щы гъэжанІэм зыщугъасэ.

ЗэІущІэм кьрикІуаэр щыІэзохилъхьэжьым, Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ комитетым унафэщІ **Жанатаев Сэлим** жиІащ кьэпсэльахэм кьаІэта жэрдэмхэр даІыгъыну зэрыфІэкъабылыр. Кьэбгъэльагъуэмэ, КЪБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ «2009 - 2015 гъэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ я зегъэужьынкІэ республикэ программэм ныкъуэдыкъуэхэр спортым хашэным, Іуэхум куууэ хэзэщыкІэ Іэщіагъэлізхэр ягъэхьэзырыным теухуа зэхъуэжьынныгъэхэр халкьэну.

КЪБР-м Спортымкіэ, туризмымрэ курортхэмкіэ и министерствэм, куейм, кьалэхэм, кьуажэхэм я щІыпІэ самоуправленэм я органхэм ахуэгъэзэа чэнджэщхэр ныкъуэдыбэу теухуат ныкъуэдыкъуэхэр гъащІэм хэзыгъэзэгъэж клубхэр кьызэІуахьыным, сабий-ныбжьыщІэ спортшколхэм мыуэзыншэхэм щадэлажьэ гупхэр кьыщызэрагъэпэщыным. Апхуэдэу кьыхагъэзыхуКІащ спортсмен ныкъуэдыкъуэхэм ядэлажьэ тренерхэр улахуэфІэ Іуэхум трагъэгушхэн зэрыхуейр. Чэнджэщхэр хуагъэхьэзыращ КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэхэми, КЪБР-м ПечатымрэСМИ-хэмкІэ и ведущ комитетми, республикэм щыпсэу ныкъуэдыкъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

ЗэзыгъэуІу совет къызэрагъэпэщ

КЪБР-м и премьер-министр Гертер Иван республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэр мэкъуэуэгъуэм и 30-м иригъэкІуэкІащ. Абы Іуэхугъуэ 20-м щІигъум щыхэплъащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Правительствэм ещанэ мазищым иригъэкІуэкІыну зэІущІэхэм я планыр кьащта иужь, зэхьэхьэм щагъэбеджьылащ «Къэралпсо Іуэхугъуэхэр» Іыкьэмрэ «ГъэтІылъыгъэ фондхэр» Іыкьэ гуэдзэмрэ хьыкьэу республикэ бюджетым и хьэкъкІэ зыдэІэпыкьунухэр. Финансхэмкіэ министр **Бышэн Аэрэт** зэрыжиІамкІэ, цІыху 19-м сом зы мелуанрэ мин 971-рэ хуХахынущ.

КъБР-м къэрал мылькър зехьэнымрэ щІы Іэхуэхэмкіэ и министр **Лыдыдэ Хьэбдулсэлам** кьыхилхьэри, зэхуэсахэр хэпльащ «2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал мылькър учей (приватизацІэ) зэращІыну щІыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэпльхьэным и Іуэхукіэ» Правительствэм и унафэм и проектым. Къэпсэльам кьызэрыхигъэщамкіэ, кьэрал мылькъу ящэм куэдкІэ хагъэхьэуэнущ. Абыхэм сом мелуан 230-р кьыщІахьну я мурадщ. Мелуан 30-р кьэрал Іуэхущапіэхэм я акцэхэм кьапэкІуэнущ.

- Мыр программэм хэтпльхьэну зэхъуэкІыныгъэхэм я зы Іыхьэу аращ. Иджыпсту мылькър зыхъуэдэр, зыхъуэдизыр кьыщІэлъытэ, етІуанэ Іуэхугъэкіуэкіыну щІыкІэр дгъэбеджьылы. Приватизацэмкіэ программэм хэпщІыкІыу зедгъэубгъуэрэ, республикэм и кьэрал бюджетыр зыхуущІэхэр куэдкІэ дгъэмэщІэну ди мурадщ, - жиІащ Льджьидзэм.

Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр **Къаздэхъу Альберт** кьыхэзрихилхьам тету, зэхьэхьэм кьыщащтащ республикэм и мэкъумэшыщІэхэм удзыжьхэм зэребэн щхьэухьхэм щІатхэм щыщ Іыхьэхэр зэрыхуаупшынырэ нум теухуа унафэ. А Іуэхур республикэ, федеральнэ бюджетхэм я хьэкъкІэ кьызэрагъэпэщынущ.

Алхуэдэу КЪБР-м и Правительствэм кьищтащ Іущщхьэмахуэ районым щыщу нэхъ хуэмышІауэ псэу цІыхуи 102-м мылькъкІэ зэрадІэпыкьунут теухуа унафэ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альберт** кьызэрагъэльэгъуамкІэ, щытыкІэ ткІий щагъэува куейм социально-экономикэ зэхуэщытыкІэхэр щызэблэзыгъэкІ Правительствэ комиссэм, республикэм и Президентым ищІа пщэрыльым тету, абыхэм сом зы мелуанрэ мин 530-рэ яхухихащ. Комиссэр зыкьыхуэзыгъазэхэм ядолажьэ. Гертер Иван кьыхихуэщащ а Іуэхур дяпэкІи зэІубгу кьызэрагъэпэщын, хуэныкъуэхэм и чэзум защІэгъэкъуэн зэрыхуейр.

«2011 - 2012 гъэхэм узыншагъэр хъумэным и Іэнатіэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщрагъэфІэкІуэнур» программэ хэхар зэрагъэзащІэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, Правительствэм деж Зэзыгъэуіу совет кьызыщэрагъэпэщащ, абы хэтхэмрэ ар зэрылэжьну хабзэмрэ кьащтащ. Узыншагъэр хъумэнымкІэ министр **Амщокъуэ ФатІимэт** зэрыжиІамкІэ, къэрал властым и гъэзэщІакІуэ, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэхэр, республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховэнэмкІэ и щІыналъэ фондыр, медицинэ страховой организациэхэр, узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэкІэлъэкІуэнымкІэ ар сэбэпшыхэ хъунущ. Зэзыгъэуіу советым и Іуэхур Гертер Иван иунэтІынущ.

КЪБР-м административнэ кьуаупшагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Щэнхабзэмкіэ министрым и кьуэдзэ **Карчаевэ Аминат** зэрыжиІамкІэ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхьыдэ-щэнхабзэ щІэнэхэм хэщІыпхьэрэ ебытхэр зэрыщІэнущ - апхуэдэхэм сом мин 500-м нэскІэ етхьэкъунущ. Правительствэм кьищтащ щэнхабзэмкІэ къэрал Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэм зэрыхагъэхьэуэну щыкІэм теухуа унафэ. Иджы ар ику ину сом мини 8-м щІигъунущ. Абы илъэс кьэс сом мелуан 56-рэ мини 162-рэ хуХахынущ.

Гертер Иван щэнхабзэмкІэ министрым и кьуэдзэм игу кьигъэкІыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьэхэр етІанэгъэ илъэс 455-рэ зэрырикъур икІи мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхум зыхуэгъэхьэзырыным хуэфащэ гулъытэ хуащІын зэрыхуейр.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщім и кьуэдзэкІэ **Абрэдж Іэдиб**, **Ерчэн Темболэт**, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэкіэр, кьэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъэ кьулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Прохладнэ куей

Бадзэуэгъуэм и кІэм ирихьэлІэу

Солдатскэ район сымаджэщым и терапевт кьудамэм зи пІалъэр икІа и шиферыщхьэр кьэжьалым кьызэщыкІам хуэдэкІэ зэрахьэкІ. Абы республикэ бюджетым щыщу сом зы мелуанрэ мин 300-рэ хуХахащ, лэжьыгъэр «Импульс-икс» Іуэхущіапіэм иригъэкІуэкІ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжьынщи, 2009 - 2010 гъэхэм сымаджэщым и терапевт кьудамэм и япэ, етІуанэ кьатхэр кьызыхуэтынщэу зэрагъэпэщыжауэ щытащ. А Іуэхум Прохладнэ муниципальнэ районым и бюджетым щыщу сом мелуани 6-м щІигъу, спонсор ахъщэу мелуани 2,2-р хэлъхьащ.

Узыншагъэр зыкъомэр егъэфІэкІуэным теухуа республикэ программэм тету, мы гъэм ЛОР кьудамэр, етІанэгъэ поликлиникэмрэ пщэфІапІэмрэ кьызыхуэтынщэу зыхуей хуаГъэзэнущ.

Терапевт кьудамэм и щхьэр зэхъуэкІыныр бадзэуэгъуэм и кІэм яухыну я мурадщ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириня.

● АПК

Илъэс къэс тонн мин 600

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм илъэс куэдкІэ кьызыпыкІэ жыгъыщІэхэр гектар минрэ щитІым и бблагъэм щыхасащ. Абы щыщу гектар 524-р псынщІэу зызыужьхэм хуэдэщ. Жызумейкэр гектар 238-м щыхасащ.

2007 гъэ лъандэрэ илъэс куэдкІэ кьызыпыкІэ жыг хадзу гектар мини 3,5-м нэблагъэ, жызумейуэ зы миным щІигъу республикэм щагъэтІысащ. Мэракіуэхэр - гектар 600-м. Псом хуэмыдэу псынщІэу зызыужь жаг хадэхэм гулъытэ хуащІ. Ахэр нобэ гектар миным щІегъу. 2020 гъэм ирихьэлІэу ау мини 10-м нагъэсыну я мурадщ.

Республикэ, федеральнэ бюджетхэм я хьэкъкІэ мэкъумэш Іэнатіэ щхьэхуэхэм субсидиехэр зэрырагъэтыну щыкІэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм иджыблагъэ кьищта Унафэм илъэс куэдкІэ кьызыпыкІэ жыг хадэхэм хагъахьуэнымкІэ хэкІыпІэфІэхэр кьызэригъэпэщынущ. Апхуэдэ хадэхэр гъэтІысынымкІи зехьэным республикэ бюджетым щыщ субсидиеу сом мелуан 13,7-м нэблагъэ хуХахащ. Мы гъэм а Іуэхум мелуан 35,2-рэ халъхьэнущ. Абы щыщу сом мелуан 15-м нэблагъэр федеральнэ бюджетым еІщ.

Унагъуэхэм кьищынэмыщІа, пхъэщхьэмыщхьэ, мэракІуэ, псынщІэу зызыужь хадзэр (зы гектарым хуэзэу жыг 800 мынэхь мащІэ иту), жызумейхэр хэзыгъэнэхэм, зезыхьэнэхэм, пхъэщхьэмыщхьэ, мэракІуэ гъэІэпхъуэнхэр зыигъэкІынуэм мыльку хухахынущ. Апхуэдэхэм илъэсым и пэщІадзэм ирихьэлІэу пхъэщхьэмыщхьэ, жызумей хадзу гектар 50, псынщІэу зызыужь жыгхэм хуэдэу гектари 2, гъэІэпхъуну гектари 3, мэракІуэм папщІэ гектари 10 мыкъэхь мащІэ яІэн хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми нэгъабэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мин 82-м щІигъу кьызыщрахьэлІэжащ икІи республикэм и щІыхуэр абыхэмкІэ ирикъуу кьызэрагъэпэщащ.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Улахуэхэр

Щэнхабзэм хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и къэрал Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэм я курыт улахуэр сом мини 6,5-м икІынурэ сом мини 8,1-м нэсынущ. Апхуэдэ унафэ мэкъуэуэгъуэм и 30-м къищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Карчаевэ Аминат зэрыжиІамкІэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщім и кьуэдзэ Абрэдж Іэдиб кьаІэн хьащицІРи, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм щэнхабзэм и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм ику ину я улахуэр зыхуэдизыр щащІащ. Абы кьигъэльэгъуащ КЪБР-р а щІыналъэхэм улахуэкІэ кьаІэрыкІэрыхур.

Министрым и кьуэдзэм кьагуригъэІуащ Іэнатіэхэм ятещІыхьа улахуэ тыкІэм щыхуэкІуэм, мылькур кьаІэремэщІакІым кьыхуэкІыну, щэнхабзэм и къэрал Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэм зэзыхьэхэм я улахуэр зэрыхамыгъэхъуар.

КЪБР-м и щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм улахуэхэр зэрыратар щІыкІэр ягъэтэмэмын папщІэ, зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и къэрал Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэм зыпэрыт Іэнатіэм яхуэгъэзауэ улахуэ зэрыратар щІыкІэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ, хъыбарегъэщІэ Іэнатэхэмкіэ и министерствэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ я лэжьакІуэхэм улахуэ зэрыратар щІыкІэмрэ этеухуауэ» КЪБР-м и Правительствэм кьищта Унафэм.

КъулыкъухэмкІэ улахуэхэм зэрыхагъахъуэ коэффициент зэрагъэувам кьызэкІыу, Іэнатіэм курыт лэжьапщІэр сом 6449-м икІынурэ 8120-м щынэсынущ. Абы папщІэ илъэс кьэс республикэ бюджетым сом мелуан 56-рэ кьыхахын хуейщ.

КЪБР-м и Правительствэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Метр зэбгъуэзэнатІэ мин 12-м нэблагъэ

«2013 гъэ пщІондэ къуажэм зэрызыужьыну» федеральэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм унагъуи 105-м, абыхэм ящыщу унэгъэщІэрэ ІэщіагъэлізщІалъэу 50-м щыпсэуным пэсуПІэхэр ирагъэфІэкІуэнущ.

А ІУЭХУМ сом мелуан 83-м нэблагъэ хухахащ. Мелуан 62-м щІигъур федеральнэ бюджетым кьыхэкІащ, мелуан 21-м нэсыр республикэм и мылькущ.

ПсэупІэу метр зэбгъуэзэнатІэ мин 12-м нэблагъэ къуажэхэм кьыщащхьэнущ е щауухэнущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Дэ я гуэрэ республикэхэм

ЩІыналъэр зыщыгугъхэр

АДЫГЕЙ. ***«Республикэм и экономикэ зыужьныгъэм хуащІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» дипломхэр зыхуагъэфащА хьэрычэтыщІэ нэхъыфІхэр правительствэм и унэм щекІуэкІа зэхъуэхэ гуапэм ирагъэблагъащ, 2010 гъэм кьрикІуэхэмкІэ дипломхэр ираташ Іуэхущіапіэ 26-м я лэжьакІуэ гупхэм.***

АДЫГЕЙМ и премьер-министр КІуэмпІыл Мурат дипломхэр зыхуагъэфащхэм щаритым кьыхигъэщащ предприятэхэм, хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ курытымрэ республикэм и экономикэм зиужьныным хуащІ хэлъхьэныгъэм лъахэм щыпсэухэм я зэІузэпэщІыгъэ куэдкІэ зэрельытар.

Гуэугум йолэжь

АБХЪАЗ. ***2012 гъэм и кІэм ирихьэлІэу Гагрэ къалэм къыпекІуэкІ Гуэугум ягъэхьэзырыну я мурадщ. Ар зэфІэгъэувэжыным сом мелуан 490-рэ текІуэдэнущ.***

ГАГРЭкІуэцІрыкІ гъуэгум щызекІуэ машинэхэр нэхъ мащІэ ящыпн папщІэ лэжьыгъэм ioуужьэрэкІ. ЩІыщІагъ щІэкІыпІи тІымрэ лъэмэжьымрэ зэгъэпэщыжьныр и кІэм нагъэс. Лэжьыгъэ псоми етІанэгъэ яухын хуейщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Чеченов Ануаррэ ХьэцІыкІу Мадинэрэ.

ЩІыхь тхьалъхэр - зыхуэфащэхэм

КЪБР-м и Парламентым и гъатхэ сессиер щиухым, республикэм и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхьалъхэр ираташ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм ехъулІэныгъэ инхэр кьыщызыхьахэм. Илъэс куэд лъандэрэ республикэм и фІыгъуэ зыхэлъхэм хьэлэлу зэрахуэлажьэм кьыхэкІыу цІыху 40-м щІигъум Парламентым и Лэжьыгъэ и Унафэщім фІыщІэ зэрахуищІыр кьыщыгъэльэгъуа тхьыгъэхэмрэ ираташ.

СПИКЕР **Чеченов Ануар** Парламентым и пэщІыщхъуэм дамыгъэхэр щариташ дохутырхэм, юристхэм, спортсменхэм, еджагъэшхуэхэм, егъэджакІуэхэм, щэнхабзэм, кьэрал власти и органхэм, суд Іэнатіэм, УФСИН-м я лэжьакІуэхэм.

«Фэ фщыщ дэтхэнэми фІыщІэшхуэ фхуэсщІыну сыуейщ республикэм и гъащІэм жьыджэру фызэрыхэтым, хьэлэлу фызэрылажьэм кьыхэкІыу», - жиІащ Чеченов Ануар. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ «а дамыгъэхэм ахэр лэжьыгъэм нэхъри трагъэтгуэшхуэным» зэрыщыгугъыр.

Ягъэпэжахэм я цІэкІэ депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІым и кьуэдзэ **Улаков Махъты**. Апхуэдэу дамыгъэр зыхуагъэфащэ, дзюдомкІэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школу Ныр Сеф и цІэр зезыхьэм и унафэщІ **Емкъуж Мухьэмэд** депутатхэм, щхьэхуэу спикер Чеченов Ануар, захуигъэзащ республикэм спортыщхьэм щыщегъэужьыным щигъуэт гулъытэм папщІэ фІыщІэ яхуищІу.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

ІэщэкІэ ядэІэпыкьунукьым

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іэнатіэм дыгъуасэ кьызэриткІэ, США-р хьэзырщ Ливием зыкъыщыдзыІэтахэм ядэІэпыкьуну.

Ар дыгъуасэ Америкэм и президентым и лыкІуэ Карни Джей Уиз Хужьым щыжаІащ, журналистхэм интервью щаритым.

Карни Джей зэрыжиІамкІэ, Ливием и власти пІалъхэ зыІэщІэзэпльхьэ лъэпкъ советым (ПНС) США-р дэІэпыкьунущ сыткІи, ауэ Іэщэ, цІыхур укІыным хуэщІа Іэмэпсымэхэр ярищэныкьым икІи яритынукъым.

- А хэкІыпІэм хуэКІуащ къэрал куэд. Дэ ди кьалэнщ цІыхубзм я гъащІэм хьэмэныкІ, ахэр щыпсэу щІыпІэм зыри темыгъэуэныкІэ сэбэп дыхьэну, - жиІащ США-м и Унэ Хужьым щылажьэ къулыкъущІэм.

28-нэ къэралщ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іэнатіэм кьызэриткІэ, дыгъуасэ нухащ Хорватиер Европеюм хэтэхьэным теухуауэ екІуэкІа зэпсэльныгъэхэр.

2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ Хорватиер ялыстэнущ Европеюм и 28-нэ къэралу. Абы хэт къэралхэм я министрхэм Брюссель щрагъэкІуэкІа конференцым Хорватием и вице-премьер Яндрокович Гордан Іэ щІидзащ 2005 гъэ лъандэрэ екІуэкІ гъэпсэльныгъэхэр я лъабжьу ягъэхьэзыра щыхьэт тхьылъхэм щыщу иужьрейм. А щыхьэт тхьылъхэм кьагъэувырт Хорватием и лъэпкъ законодательствэр (юстицмкІэ, щыхьэт и хуитныгъэхэмкІэ, валютэ-финансэ политикэмкІэ, энергетикэмкІэ, транспортымкІэ, мэкъумэш Іэнатіэмкіэ, егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэхэр, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри зыубзыку законхэр) Европеюм еІм кьеэгъэхьмкІэ зэрихьэкІын хуейуэ.

Мы гъэр ихьыку Европеюм и институтхэм зэгурыІуэныгъэр ягъэхьэзыныгъэ, ар ЕС-р зэрылажьэ бзэ 23-мкІи зэрадзэкІыжынуц. А зэгурыІуныгъэм Европеюм хэт къэралитфем я Іэтащхьэхэм Іэ щыщІадзынущ дыгъэгъазэм Брюссель щекІуэкІыну саммитым. ИужькІэ зи илъэсрэ ныкъуэм кьрибудзу а щыхьэт тхылым кьитэуэ Іуэхугъуэ псори а къэралхэм ялэжьын щІадзэн хуейщ.

Гуэдзыр ящэну хуитщ

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іэнатіэм кьызэриткІэ, дыгъуасэ Урысейм щичІэжащ гуэдзым хэхъуэрэ ирищэныр.

- ІэщІагъэлІхэм кьызэрабжамкІэ, мы гъэм Урысейм хамэ къэралхэм ирищэфынущ хьэцэнэцэу тонн мелуан 15-м нэс икІи апхуэдэ щІыкІэкІэ а рынокым щыпащэхэм ящыщ хьужьфыныщ, - жиІат Премьер-министр Путин Владимир Ростов щекІуэкІа «Урысейпсо мэкъумэшыщІэ зэщІэхьеенныгъэм» и 5-нэ зэІущІэм кьыщыпсальэу.

Мы гъэм Урысейм кьыщрахьэлІжьыну тращІыхь хьэцэнэцэу тонн мелуан 85-рэ.

Иужьрей тхьэмахуищым кьинубыдзу гуэдзым и дунейпсо уасэр екащ зы тонным хуэзэу доллар 70 - 80-кІэ. Иужьрей тхьэмахуэ закъуэм Урысейм кьыщагъэкІа гуэдзым щыщу 4-нэ классым кьитІасэр сом 85-кІэ нэхъ пуд хьури (зы тоннрэ), абы щатыр сом 5815-м нэсащ.

Гуэдзыр Урысейм ирашыну хуит зымыщІ унафэр кьащтат 2010 гъэм щыщхьэІуи и 15-м, узэгъэм и зэранкІэ гъавэм и процент 30-р къэралым зэрыфІэкІуэдам кьыхэкІыу.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 2, щбэт

● Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ

●1556 гъэм Астрахань Урысей къэралыгъуэм щыІащ.

● Спорт журналистхэм я дунейпсо махуэщ

●Внуковэ аэропортыр илъэс 70 ирокъу.

●1964 гъэм «Къэббалъкъгаз» трестыр кьызэрагъэпэщащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэриткІэ, Налшык пшэр техьэ-техьэ щытынущ, пІалъэкІалъэкІэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэу махуэм гращ 23-рэ, жэщым градус 16 щыІэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 4, бльщкьэ

●Америкэм и Штат Зэгуэтхэм (США) я лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1776 гъэм къэралыгъэ щыІащ.

● Илъэс 65-рэ я пэкІэ Филиппинхэр кьрадащхьэхуэт хьуащ.

●Бадзэуэгъуэм и 4 - 5-хэм Урысымы (Италие) щекІуэкІынущ Лъэпкъ зэгуэтхэм (ФАО) я ерыскъыхэкІ, мэкъумэш Іуэхущіапіэхэм я Советым и 143-нэессие.

●Бадзэуэгъуэм и 4 - щыщхьэІуи и 12-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ Дунейпсо хуитныгъэхэмкІэ комиссэм и 63-нэ сессие.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэриткІэ, Налшык пшэр техьэ-техьэу щытынущ, Хуабэу махуэм градус 27-рэ, жэщым градус 16 щыІэнущ.

ПІэнэнэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифэ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къуажэ зиІэ нэхърэ, Іэ зыфІэт.

●ЗэІущІэхэр

ЕхъулІэныгъэм и нэзхэр

КъБР-м и Парламентым Промышленностымкі, гъуэгу хозяйствэмкі, транспортымкі, связымкі и комитетым «Тэрчналмэс» акционер обществэ зэІухэм зэІущІэ щриІэкІыжкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ рынок экономикэм и щытыкІэм иту Іуэхущіапіэм эффективкІэ гъэкІыгъэм. Налмэс Іэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр Тэрч заводыр Урысейм щыпашэхэм ящыщ зыщ. Ар зэуэ яхуолажьэ ІэнатІэ зыбжанэм: машинэхэр щІыным, геолог кІэхъуГэныгъэхэм, мывэхэм елъэжьыным, хъунэныгъэм. «Тэрчналмэсым» щащІ щІыр зарауфру, мывэхэр зэрагъэщанэ Іэмэпсымэхэр. Анхуэдэу абы щащІ налмэсым кІыхьщІыкІа ювелирхэкІэр.

ЗэІУЩІЭР къыщыхэІуихым комитетым и унафэщІ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** кІыхьигъэщхьэхуКІащ, щытыкІэр гугъуми, Іуэхум акъыл хэльу зэрыбгъэдыхьам и фІыгъэкІэ, Іуэхущіапіэм ІэнатІэм пашэныгъэр щиІыгъын икІи зыщыпІу къыщІигъэкІым ильэс къэс хигъэхъуэн зэрыхуэзфІэкІыр.

2011 гъэм цІыху 500-м щІигъу щылажьэ заводыр къыздэІэзэІуахрэ ильэс 50 ирикъуащ.

«Тэрчналмэсым» иГъэхъэзырхэмкІэ и унафэщІ **ЛІоуэжь Анзор** хьэщІэхэм яригъэлъэгъуащ лъэщапІэхэр. Депутатхэм хьэкъ ящыхьащ Іуэхущіапіэм и ехьулІэныгъэр дзжьэкІэм и Іэмалыщ Іэхэр къыздэгъэсэбэныпмэ инвестицэ проектхэр зэрыпхрагъэкІымрэ зэрепхар. Абы къызэрегъэпэщ акционер обществэ зэІухам и Іэдакъэщіэкіхэм фІагъ яІэныр. Заводым хуэзфІэкІынущ сыт хуэдэ налмэс Іэмэпсымэ игъэхъэзырыр.

Абы и унафэщІ нэхъыщхьэм и ягъэ къуэдзэ **Къуацхьбий Алексей** зэІущІэм зэрыщыжиІащи, Іуэхущіапіэм лъэщапІэхэр къыщагъэзэращІэ, ІэщІагъэлІхэр гулъытэ щагъэщІэркъым, зэпымыууэ щІэ гуэрхэр къалъхьуэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, «Тэрчналмэсым» щыщІадзащ щІыдагъэр газрэ зыщІэт щІыпІэхэр къахутэн папщІэ щІыр зэрадубрум фІалъхьэ Іэмэпсымэхэр къыщІигъэкІыу. Абы къыхэкІыу лэжьыгъэм хуэдитКІэ хэхъуэнущ.

2003 гъэ ІъынтэрэІ заводым щызэкІуэ улахуэхэр зы мардэм имыгъэувэным теухуа хабзэр. Абы и фІыгъэкІэ лэжьакІуэхэм яІэрыхьхэзэм эпымыууэ хохьуэ. Аращи, Іуэхум ешам и гуащІэ нэхъыбэ хилъхьэным дэтхэнэри хущІокъу.

«Тэрчналмэсыр» быдэу яныщІащ езым и ІэнатІэм егъэщІылІа ІэщІагъэлІхэр зыгъэхьэзыр еджапІэ нэхъыщхьэхэм. Іуэхущіапіэм и мылькукІэ жырымкІэ Москва институтымрэ «Станкин» МГТУ-мрэ щыщдж нэхъыбащІэ 32-рэ.

Къущхьэйий Алексей къызэрыкІуэ зэпэщІащ заводым и Іуэхухэр зыІутым: 2010 гъэм процент 286-кІэ ахьшэ нэхъыбэ къыІэрыхьащ ипэ ита ильэсым ельытауэ, курыт улахуэм процент 45-кІэ щыхэхьащ, 2011 гъэм сом мелуан 650-м нэблагъэ и уасэ Іэмэпсымэхэр ягъэхъэзырыну я мурадщ.

ЗэІущІэм кърикІуаэр щызэхалъхьэжым, жаІащ кризисым и Іэужьхэр 2011 гъэр иухыу къызэринэжьыну, и лэжьыгъэм зриГъэхъуэдиину Іуэхущіапіэм зэрыхуэзфІэкІынур.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

«Сабий садхэр - сабийхэм»

●Зэпеуэхэр

Зи школ кІуэгъуэ мыхьуа цыкІуэхэр зэкІуалІэ Іуэхущіапіэ нэхъыфІэр къэхутэным теухуауэ екІуэкІа «Сабий садхэр - сабийхэм» щыпалъэ зэпеуэм щытекІуаэхэр наІуэ къхъуащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и районхэм къикІыу зэпеуэм лэжьыигъэ 73-рэ къраГъэхьащ. КъэпщытакІуэ гупым хэтхэр абыхэм хэпльа нэужь, текІуаэхэр унэтІыныгъитхукІэ зэщхьэщыхьаэу яГъэбелджылащ.

«Къэрал сабий сад нэхъыфІ» унэтІыныгъэ:

1. Бахъсэн районым хыхьэ Тэхъутэхъущыкъуей жылэм дэт сабий сад-пэщІэздзэ еджапІэ;
2. Налшык къалэ и сабий сад-пэщІэздзэ еджапІэ №74;
3. Майкъэпэ и гимназие №1-м школым кІуэну щыкІуэхэр щагъэхьэзыр и «Лэгъупыкъу» къудамэ.

«Узышагъэр хъума хъунымкІэ Іэмал нэхъыфІыр къэзыгъэсэбэп» унэтІыныгъэ:

1. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и прогимназие №34;
2. Прохладнэ къалэм дэт курыт школ №4-м епхауэ лажьэ «Хьихъуэ» сабий садыр;
3. Про хладнэ къалэм щыІэ курыт школ №5-м и нэІэм щІэту лажьэ «Дыщэ бдзэжьей цыкІу» сабий садыр.

«Сабий садым и ІэщіагъэлІ нэхъыфІ» унэтІыныгъэ:

1. Мендэхъу Иринэ - Май къалэм и гимназие №13-м школым кІуэну цыкІуэхэр щагъэхьэзыр и «Лэгъупыкъу» къудамэм физкультурэмкІэ и инструктор;
2. Хэжь Галинэ - Бахъсэн районым хыхьэ ХьэтІэкъуэщыкІуей жылэм и сабий сад-пэщІэздзэ еджапІэм и психолог;
3. Песковэ Татьянэ - Прохладнэ къалэм дэт курыт школ №5-м епхауэ лажьэ сабий сад № 19-м макъамэкІэ и егъэджакІуэ.

«Сабий садым и гъэсакІуэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэ:

1. Гъубж Оксанэ - Бахъсэн къалэм дэт прогимназие №5-м и гъэсакІуэ;
2. Беловэ Светланэ - Май къалэм и гимназие №1-м школым кІуэну цыкІуэхэр щагъэхьэзыр и «Лэгъупыкъу» къудамэм и гъэсакІуэ;
3. Жэмыхъуэ Аэлитэ - Бахъсэн районым хыхьэ ХьэтІэхъущыкъуей жылэм и сабий сад-пэщІэздзэ еджапІэм и гъэсакІуэ;
4. Мухамедсафинэ Татьянэ - Прохладнэ районым хыхьэ Екатериноградскэ станицэм дэт курыт школм и «ГуфІэгъуэ» къудамэм и гъэсакІуэ.

«Зи узышагъэм сэкъат нІэ сабийхэм щадэлажьэ садхэм я нэхъыфІ» унэтІыныгъэ:

1. Налшык къалэ дэт курыт школ №32-м и нэІэ щІэт сабий гъэсапІэ № 27.

Ипэ ухыпІэр къэзыухьахэр къэраІпсо зэпеуэм хэтынущ.

Абы кърикІуахэр наІуэ хъунущ мы ильэсым и фокІадэм и пэ махуэхэм.

ШУРДЫМ Мадинэ.

● Махуэ лъапІэ

Лъэпкъ щэнхабзэхэмкІэ Лазаревск центрым щагъэлъэпІащ «Шапсугия» газетым и гуфІэгъэр.

Адыгэхэм я джакІуэ

А ЗЭХЫХЬМ зыри кІыхьу къыщыпсэльахьыт; ауэ а жаІа мащІэри зыхуагъэзар зи ныбжьыр ильэс 20 ирикъуа газетэр къыдэкІыныр зыублахэрщ, мы зэманым абы щІэгъэкъуэн зэхуэхъуэрщ, щІэджыкІакІуэхэрщ. ДызыщыгуфыкІынщи, ахэр мащІэкъым. Абыхэм я гуащІэдэщ тенджыз Фыщіэм Іус щапсыгъ адыгэхэм я «Адыгэ Хасэм» и газетыр дунейм къызэрытехьэр, зэрыжаІэщи, зэрыпсэуир. Зэхуэсыр къызэрыгъэпэщахэм - Щыпсыгъэхэм я жылагъуэ парламентымрэ Лъэпкъ щэнхабзэхэмкІэ Лазаревск центрымрэ ящыщхэм - кІыхьагъэщхьэхуКІащ газетым и апэ унафэщІхэу щытахэу **Тэш Мурдин**, Нэгъуч Шэхьырхъан, Къуэблэ Сэлбий, Хьущт Аслъэбий, ахьшэжкІэ къыдэІэпкІыуахэу, иджыри къадэІэпкІыкъуэу Щэу мэн Хъэзрэт, КъаниокІуэ Арсен, Хьущт Заур, Ушхъуж Сандрэ Мадинрэ, Вындыжьк Аслъэн, Ту Саид, Нэпсохэ Муратрэ Руслан рэ, ХьэщІэмыз Аисэ сымэ, «Полиграф-Юг» типографиеу Іуэлъэ Руслан зи унафэщІым и лэжьакІуэхэм фІыщІэхуэ зэрыхуэщІыр. Апхуэдэу инщ Сочэрэ ТІуапсэ куеймрэ я жылагъуэхэм ящыщ корреспондентхэу Нэпсо Нурдин, Нэгъучэ Мухьэдинрэ Хьэмырзэрэ, Щхьэлахъуэ Хьэмид, Половинкинэ Тамарэ, Боус Нинэ, Сне тлаковэ Тамарэ, Бастэ Бэтмырзэ, Вындыжь Тамарэ, Мейкъуапэ щыпсэу, 2003 гъэм и жэпуэгъуэ щыІэ Іэнатэр лажьэ «Шапсугия» Интернет-сайтыр къыдэзыгъэпэща Къужьащуэу Казбек, Головинкэ къуажэм щыщ Бастэ Айдэмыр сымэ газетым хуащІ хэлъхьэныгъэр.

«Шапсугия» газетым и ягъэ номерыр Сыхьум къыщыдэдгъэкІащ ди кІуэш абхьазхэр къыздэІэпкІыкъуи, - жиІащ «Адыгэ Хасэм» щыхъ зиІэ и тхьэмадэ **Тэш Мурдин.** - Абы щыгъуэм, хуабжьу къыздэІэпкІыкъуащ журналист икІи жылагъуэ лажьакІуэ щэрыІуэ Адамиа Геннадий. Жылагъуэм и гурыльхэр хуиту къыщыІуатэ утыку яІэ зэрыгъуэр щапсыгъхэр, дауи, игъэгушхуащ. Зэман гугъу дыдэм ар щІэгъэкъуэн хъуащ лъэпкъ зэхэщІыкІым зиІэтыныжмкІэ.

- Газетыр псом япэу зы хуэгъэзэр тенджызэ Фыщіэм Іус адыгэхэр ди адэжь лъахэм и жьауэм дыщІэтын, хуиту ди анэдэлъхубзэмкІэ дыпсэльэфын мурадырт, - игу кІигъэжІыжащ «Шапсугия» газетым и ягъэ редакторэ Нэгъуч Шэхьырхъан. - Хуабжьу Іуэху гугъуми, дэ абы дыпэлъэщащ. Ди насыпти, кІыткъуэтащ щІэгъэкъуэнышхуэ кІыхтхуэхьу цІыхухэр - тхыгъэхэр тхуэзыгъэхьэзырхэр, ахъшэкІэ къыздэІэпкІыкъуэхэр, щІэджыкІакІуэ къыздэрыгуэкІхэр. Ар дэ тщыгъупщэркъым икІи абыхэм фІыщІэ мыхъьж яхудощІ.

- «Шапсугия» газетыр тенджыз Фыщіэм Іус адыгэхэм я джакІуэщ, - жиІащ шапсыгъхэм я жылагъуэ парламентым и Іэтащхьэ Чачыхьэ Мэжид. - Мы зэманым ар минилІ хьу тиражу къыдэкІыну икІи Лазаревск, ТІуапсэ куеймэхэм щыпсэу адыгэ унагъуэхэми Іуэхущіапіэ инэху щэбжьгъэхэми яІэрохь. Абы и напэкІуэцІхэм къыщыбгуэтынущ Шапсугым и мызакъуэу, Кавказым и республикэхэм щекІуэкІ Іуэхухэм ятеуухуа хъыбархэр, куэд зэрэдэзыгъэкІ ди лъахэгъуэхэм, ди къуажэхэр зыхуэй-къызыэфІэхэм ятеухуа къыпэщылъ нэпкъхэр щІелъэсын.

КъБР-м къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущіапіэмрэ ягъэлъэфыдар, ар хэхауэ зэрызэрамыгъэзэжа тхылъым къыщигъэлъэгъуауэ щытащ Налшык псым и нэпкъыр къызэрыгуэкІыу зэрыгъэфыдар, ар хэхауэ зэрызэрамыгъэзэжа тхылъым къыщигъэлъэгъуауэ щытащ Налшык псым и нэпкъыр къызэрыгуэкІыу зэрыгъэфыдар. Ар хэхауэ зэрызэрамыгъэзэжа тхылъым къыщигъэлъэгъуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущіапіэмрэ ягъэлъэфыдар.

Къищынэмысыщ Іуэху, гъатхэр зэ кІуам и 26-м «Химик» мыкоммерцэ дачэ зэгугъэныгъэм и хэщІапІэм щрагъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэльыхьащ абы и щы Іыхьэхэр псым имылъэсын папщІэ лэжьакІуэхэм. Зэхьыхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Заказчик зэгугъэныр и дирекц» къэрал предприятэм, ЩІыуэпс гъэтІылъэгъэхэмрэ дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэныжмкІэ министерствэм, Къухьэпіэ-Каспийск псыгуэным и щІыналъэ къудамэм, республикэм къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущіапіэм, Шэджэм муниципальнэ районым и администрацэм я лІыкІуэхэр. Къэпсэльэхэм ялъагагъэльэгъуащ Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министерствэм Аруан псым и жапІэхэр хъарзынэу зэригъэкъэбзар. Абы чэнджащ ираташ псыр щыІуищІэ щІыпІэм зэпымыууэ кІэльыпльыну, лэжьыгъэхэр и чэзум жапІэхэм щригъэкІуэкІыну. Мы чэнджащэр ягъэзащІэмэ, «Коммунальник» хадэгъэкІ зэгугъэныгъэм и щІы Іыхьэхэм псы щІэльэдэнукъым.

А щІыкІэм тёту, «Коммунальник»-м и сэбэн зыльэсхэр хуэмэныр къызэригъэпэщыныжмкІэ Шэджэм муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм зыщІагъэкъуэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

●ЩІыналъэ щыта, иджы КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министр Къаздэхъу Альберт.

ЧЕМПИОНАТЫР къызэІуихащ КъБР-м Спортымкі, туризмымрэ курортхэмкІэ и министерствэм спорт ехьулІэныгъэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ КІуранышв Владимир.

Зэхьэзэ хуэ гуащІэм хэтащ республикэм и шахматистхэр нэхъ льэпщхэу 12. Абыхэм ящыщ ФИДЕ-м ситуэ тымкІэ и мастер Темыркъан Давид, зыбжанэрэ республикэм и чемпион хъуа Къармэ Мэжмудин, Джэдгъэф Чэмал, Г пашев Юсуп, Тёунэ Ар тур сымэ, нэгъуэщІхэр.

Зэхуэдэ ехьулІэныгъэхэр яІэу джэгуащ Т еуэнэмрэ Къармэмрэ. А тІурщ кІэух зэІущІэм зэхуэрэзэгъу щызэ хужьхъари. Мэжмудин шахмат фІыщІэ хэмкІэт зэрыжьэгъуэ, зэрыфащІэщи, абыхэмкІэ утекІуэныр нэхъ гугъущ. ИкІэмкІэжьмэ а тІур зэрытемыгъэкІуауэ ягъэзащІэнымрэ ар зэрэзыуащ. Очко 11-м щыщу 9.5-рэ кІыхьри, иджы япэу республикэм и чемпион хъуащ Тёунэ Артур. Зи Іэщіагъэкі Іэ инженер-ухуакІуэ, ильэс 27-рэ зи ныбжь Тёунэ Артур Бахъсэн куейм хыхьэ Куба къуажэм щыщІ. Къуажэм дэт ШэнхабзэмкІэ унэм щІэлІэм шахмат джэгуакІэ щарегъащІэ.

Къармэ Мэжмудин етІуанэ, Бахъсэн куейм и лІыкІуэ Джэдгъэф Чэмал ещанэ увыпІэхэр къахьащ, къыкІэлыкІуэ увыпІитІыр Темыркъан Давидрэ Іашев Юсупрэ хуагъэфэщащ, 6-нэ увыпІэр кІыхьащ Пашык къалэ дэт курыт школ №9-м и еджакІуэ Щыхьмырзэ ФатІимэ.

ТекІуаэхэми зэпеуэм хэта дэтхэнэми ахъшэ саугъэтхэр яратащ. УвыпІэ зэхьащхьэкІэ къэзыхьаэм Спортымкі, туризмымрэ курортхэмкІэ министерствэм къыбгъэдэкІ кубокэр, медалхэмрэ щыхь тхыльхэмрэ хуагъэфэщащ.

ФІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт чемпионатыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы мыпкъыкІэ зыкъыщІэзыгъэкъуахэмрэ. Си фІэщ мэхъу а Іуэ хуфІым адэкІи зэрыпащэнур.

ЕФЭНДЫ Ермэнбий.

●Шахмат

Теунэ Артур республикэм и чемпионщ

Шахматэмкі республикэм и 69-гъэ чемпионатыр Бахъсэн къуажэм Щэнхабзэмкі и унэм тхьэмахутІым нэблагъэкІэ щекІуэкІащ. Щыхьэнэ зиІэ апхуэдэ зэпеуэр республикэм и районхэм ящыщ зым щегъэкІуэкІыжащ. Къыхэхьащ Бахъсэн куей администрацэм и унафэщІу щыта, иджы КъБР-м мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министр Къаздэхъу Альберт.

КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэр «Балкария» къэрал фольклор-этнографие къэфакІуэ ансамблым и унафэщІ, Ингуш Республикэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Энеев Магомед Хьусей и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Энеевэ Балдан Чота и пхъур** зэрыІулам ныкъ экІыу.

●Ипэ дыдэу

Фыхэтыну фрагъэблагъэ

«Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэр XXI лІэщІыгъуэм: зэфІагъэкІын хуей Іуэхуэмрэ къэпщІэхэзэмрэ» симпозиум 2011 гъэм фокІадэм и 21-м нэсыху Анкара щрігъэкІуэкІынущ КъэхутэныгъэхэмкІэ, зэнхабзэмкІэ, зэакъыдэгъуныгъэмкІэ Кавказ фондым (Каф-ДАВ). Зэхуэсыр хуэгъэзащ адыгэхэм ягъэщІылІа демографие щытыкІэм, щэнхабзэм, псэуныгъэ-экономикэ, политикэ Іуэхухэм. Апхуэдэу абы щытепсэльыхьынущ къэкІуэну лъэхъэнэм адыгэхэм къапэплъэу зыхуагъэфащэ Іуэхухэм. ЗэІущІэшхэм адыгэхэм (кавказ ищхъэрэ лъэпкъхэм) дэжкІэ мыхьэнэ ин зиІэ къалэнхэр щаубыдыхунущ, апхуэдэу къэрал щхьэхуэхэм, щІэныгъэлІхэм, политикэм мы Іуэхум гу лърагъэтэнущ.

ЗэІущІэм щыхэпІэнущ адыгэхэр я лъахэм ирагъэкІын хуей щІэхъуэм, щІыху быдэм, политикэм, экономикэм, я анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ зэхьуэжьнымкІэ ехьэлІа Іуэхухэм.

Симпозиумым и лэжьыгъэм хэтынущ еджагъэшІхуэхэр, къэхутакІуэхэр, къэрал щхьэхуэхэмрэ дунейпсо зэгугъэныгъэхэмрэ я жылагъуэхэм я лІыкІуэхэр. Абы къыщыпсэлъэнущ ирагъэбгъэ хъэщІэхэр. Апхуэдэу къызэхуэсасэр едэІуэнущ езыхэм яфІэфІу зэІущІэм кІуахэм ягъэхьэзыра докладхэм.

Симпозиумыр ириалэжьэнущ иныджылъэбзэм, урысбзэм, тырыкубзэм. ХьэщІэхэм хуэзрадзэкІынущ а бзэхэмкІэ ящІ докладхэр.

Гу зылъытапхъэ:

тезисхэр щыІахьыну иужьрей махуэр 2011 гъэм бадзэуэгъуэр и 11-рщ;

ахэр зэрыІахар щыжаІэнур 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-рщ.

Докладхэр 2011гъэм фокІадэм и 5-м иужькІэ къыхалъхьэ хъунукъым.

Симпозиумым хэтынухэр иужьрейуэ щатхынур 2011 гъэм фокІадэм и 5-рщ.

Симпозиумыр екІуэкІынущ 2011 гъэм фокІадэм и 22 - 25-хэм.

Симпозиумым и секретариатым и хэщІапІэр:

Mithatpasa Cad. No: 58/3 Kizilay Ahkara/TURKIYE (Митхат-Паша Джаддеси №58/3, Кызылай, Анкара, Турция).

Телефонхэр: 0-505-293- 72-50, 0-312-419 73-30
Факсыр: 0-312-419 73 56
Э-пощтыр: info@21yuzyildacerkesler.org
http://21yuzyildacerkesler.org/ru/index.htm.



Бобруйск щохьэщІэ

Белорусие Республикэм хыхьэ Бобруйск къалэм мэкъуэуэгъуэм и 30-м къыщызэІуахащ «Венок дружбы» зыфІаща фестивальр. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа гупи хэтщ. Бадзэуэгъуэм и 3 пщІондэ зэхэтыну фестивальр хуэзгъэсащ дунейпсо щэнхабзэ зэщІэнныгъэм зегъэужьыныжмрэ гъэбыдэныжмрэ, лъэпкъэм я Іуэхуэдэмрэ хабзэхэмрэ гъэлъэгъуэным.

КъБР-м икІахащ Бахъсэн къалэм ЩІоджэнцІыкІу Алий и цІэр зэрихьэу дэт ШэнхабзэмкІэ унэм къафэмрэ уэрэдымкІэ и ансамблым и унафэщІ Хъуашхуэ Руслан. - Абы щыми шэч къыщыІытриихьэн щыІэнкъым.

НЫБЭ Анзор.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Бобруйскрэ Жэч зауэшхуэм и зэманым зэпищІащ - 1941 гъэм Бобруйск щыІа нэмыцІыуэм илІыхьащ адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, къэбэрдей литературэм и пІьдфжьэр зыгъэтІыпІа, КъБАССР-м гъуэзджьэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Хэку зауэшхуэм хэта Щоджэнцыкіу Алий. Бобруйскдзэсхэм усакІуэм и фэеплІыр яхъумэ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, а къалэм дэт библиотекэхэм ялымрэ и музейхэм ящыщ зымрэ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зэрахьэ.

ТЫЩЭ Элинэ.

● Іуащхьэмахуэ куей

Лъагъуныгъэм лъэпкъ зэхэдз ищІэркъым

Балькъэр щІалэмрэ адыгэ хъыджэбзымрэ Тырныауз нэчыкъ щрагъэтхащ,

ЗэрышаГащІэ хуэ Тебердиев Расулрэ Іэхьэпі Заретэрэ мурад ящІащ нэчыхьыр тІуащІэу - къэрал, мусылымэн хабзэхэм тету - ирагъэтхыну. ГуфІэгъуэм х э тащ куейм и мусылымэнхэм я унафэщІхэм ящыщ Будаев Ахъмэт, аращ ислъам нэныхьыр зытхари.

Іуащхьэмахуэ куейм и ЗАГС-м и унафэщІ Аккаевэ Людмилэ зэрыжиІамкІэ, мы гъэм и ипэ мазищым Іуэхущіапіэм нэчыкъ 58-рэ щатхащ. Абыхэм ящыщу зэщхьэгъуэ 13-р лъэпкъ зэхуэмыдзэкъэм къахэкІащ.

ТАРИМ Алисэ.

Псым имылъэсын папщІэ

●КъБР-м и прокуратурэм

ЩащІа пщэрылъым тету, щІэджэм районым и прокуратурэм зэхэпхьэкІащ. «Химик», «Коммунальник» дачэ хадэхэр псы ежэхым зэрилъэсын тёухуауэ мы гъэм гъатхэпІэм и 24-м къыдакІа «Газета Юга»-м (№12 (889) къытехуа тхыгъэм къыщыдэкІыжьащ.

КъЭПЩЫТЭНЫГЪЭР щрагъэкІуэкІым нэхъ льэпщхэу Налшык псыр Аруан псым щыхэхьэу ящІыпІэм щызэпсэуа Налшык псыр Аруан псым щыхэхьэу щ

Хасэм и «Уэркъ» ресторанырыкъ щыщыгъэуахым.

Накъыгъэм и кIэхэм, мэкъуауэгъуэм и пщыдзэхэм усакIуэ, тхакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэмрэЖурналистхэмрэ я зэгухьанысъэхэм хэт Лыкъуэжь Нелли зи пашэ адыгэ гуп Тыркум щыIащ. Нелли упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ, зыхэта Iуэхугъуэм тедгъэпсэлъыхьыж пащIэ.

- Мараш фызэрыкIуэ программэр зыхуэдэмкIэ къыщIэддзэмэ, зи гугъу тщIыр нэхъ гурыIуэгъуэ хъуну къыщIэкIынщ.

- ЗэрыжаIуэу, Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэр къыбгурыIуэнукъым. Ар къызэрежьар мыпхуэдэущ. Интернетым и адыгэ сайтхэм си си щIыхуГъэ гуэрым къызжиIащ зи ныбжьыр илъэс 50-м щIигъуа, адыгэбзэкIэ фIыдыдзу къытхэ, Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъу зы щIалэ щIэхщIэхыурэ къызэрихьар, адыгагъэм, адыгбзэм, хабзэм, щэнхабзэм куэду кызэрыщIэупщIэр. Ди хэкуэгъур зыщIэупщIэ лъэпкъ Iуэхууэр жэуапнышэу кызэрынэр фIэемыкIу хъурэ, а щIалэр зэзгъэщIыхуну кызэтъэIуащ. Апхуэдэу Тыркум хыхьэ Мараш къалэм щыщ, абы щыIэ Адыгэ Хасэм къекIуалIэ ныбжьыщIэхэр адыгбзэм хуеэзыгъаджэ Емуз Баязытрэ сэрэ хуэмрэ ИнтернеткIэ цIыхугъэ дызэхуэхъуащ. Ар Къэбэрдей Джылахъстэнеим, Къаншыуей куаажэм икIахэм щыщщ, езыр къыщалъхуар Тырку Джылахъстэнеим и Къарэахьмэд жылэрщ. Баязыт унагъэщ, и щхьэгъусэр Гуфырэ ейщ, бынищ яIэщ. А унэцIэхэр зезыхьэхэр ди Джылахъстэнеймии щопсэу.

Баязыт къытхащ хэкужьым щыщхэм езыхэм зэхагъэувэжауэ, адыгэбзэкIэ екIуэкIыу концерт я щIыхуХэм ирагъэлъагъуным зэрыщIэхъуэпсыр. Абы теухуауэ дызэгурыIуащ «Налкъутпалмэсу зэщIэнщIыпщIэ, си Какваз» фестивальэ абы щедгъэкIуэкIыну. Абы кIуэнухэм ятеухуауэ сценариир зэхэзгъэуващ.

КIэмыргуей Валентин


Нуаз Зубер


Нэгъуей Анзор


Мараш щыщ адыгэ щIалэ цыкIухэр.

ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли:

● Налшыкрэ Марашрэ щэнхабзэм зэпещIэ

Си дунеим къыхьащ адыгэ унагъуэ минитI

«Еджэрыкъуай», «Зэзэмызэ уи гум сыкъэкIыу пIэрэ?!», «Мазэгъуэ жэщ», «Си псэ», «ИстамбылакIэI», «Сыхуэмей» уэрэдIэр. Концертпрограммэм театр теплъэгъуэхэмрэ гушыIэхэмри хэзгъэхьащ. Апхуэдэт Думэн Мурадин итха «ХьэдэгъэпцI», «ТхьэлъэIу» гушыIэхэр, Къущхьэ Кьанщофи и IэдакъэщIэкI «Адрэмэ, шыкIэпшы» письмо», Дудар Хьэутий итха «Телефон псалъэмакъ» теплъэгъуэхэр, IутIыж Борис и «УпщIэрейр» къэщIэрейр» хъуэрыбзэр.

Концертым къекIуэлIакъэм адыгэ пшынэм, шыкIэпшынэм я макъхэр щызэхахам, пэшышхуэр щым хъуат, щIэсхэм я нэпсхэр яхуэмыубыду къафIежэ хьрт. ИтIанэ цIыхухэм егъэлеяуэ я гум дызэрыдыхьар кьыдагъэщIащ, мыухьк Iэгуауэ кьыттрагъэщэщащ.

Хьэсэн, БгъэжьнокIуэ Барэсбий, МафIэдз Сэрэбий сымэ я тхыгъэхэм. Марашдэсхэм Баязыт хуагъадэ зи IущагъкIэ цIэрыIуэ хъуа Къэзанокъуэ Жэбагы.

Псом хуэмыдэу кьыхьэгъэщыну сыхуейт Емуз Невзэт (Баязыт и шынжьыщIэращ) кьытхуищIар зыхуэдизыр. Сэ кьызэрызгурыIуамкIэ, губернаторми кьалэм и унафэщIми кьытхуащIауэ хъуар зи жэрдэмыр аращ. Дыщыпсэуа хьэщIэщым и уасэм щыщIэдзауэ кьыттрагъэкIуэда псор аращ ззэзыгъэуIуар. ЪэщIэгъуэн тщIыхуу, Невзэт хьэпэмэту Азэмэт сымэ, щыкIэпшынауэ икIи уэрэджьIакIуэ Иуаз Зубер. Артистхэм я щIыгьнхэм кIэпъыплъу ди гъусащ Нэгъуей Радимэ, къэфакIуэ гуп ирагъэблэгъэну зэрымыхъуэм кьыхэкIэ, къэфэну здэтшар щIыхуитI къудейщ - Тхьэгъэпсэу Нарщащуэ Сокъур Залинэрэ. Аэр фестивальым хуэзыгъэхьэзырар хореограф Бозий Тамарэщ.

- Тыркум фыщыпэсам ди гъэщIэгъуэгъэр дауэ къыфIэIущIа?

- Накъыгъэм и 26-м кхъухьлъатэкIэ Истамбыл дынэсащ. Аэропортым дыщыщIыхьам, Истамбыл щыIэ Адыгэ Хасэхэм ящыщ зым и тхьэмадэ ЖыIэхъж Эрдогъэн «Лыкъуэжь Нелли - адыгэ» жиIэу зытетха тхыльымпIэр иныгъуу дыкъинлъыхъуэрт. Дэ кхъухьлъатэм дитIыхьэу Антеп дыкIуэн хуейт, зэманкIэ къэбзэгъэхуу, дызэпсалъэу дыщысащ. ИтIанэ а щIалэм кхъухьлъатэм дригъэтIысхьащ. Антеп удз гъэгъахэр зыныгъ гупышхэу гуапэу кьыщытпсжьащ, гъэгубгъуэм деж зы джэгушхуэ щытщIри, Мараш дашащ. Дэ хэщIапIэ тхуащIащ «Соффрон» хьэщIэщ екъэжьар.

Мараш дэт Адыгэ Хасэм и унэмрэ и гъжьакIуэхэмрэ дагъэщIыхуащ. Хасэм и тхьэмадэр Тумэ Шахуэрыц. Хасэмрэ абы и унэмрэ я нэ щIэтщ Жылэхьэ ж Ибрэхьим, Дзыгъэнэ Хьэнэфий, Щанэ Эрхьэн, КIэрэф Озгур, Сэмэн Эргун, Пэунэжь Надир, КъущхьэI Хьэмид, Гъуклакъуэ Эрол сымэ. Цыхуу 1000-м нэблагъэ зэкIуалIэ гъэшхэм ресторан, ныбжьыщIэхэр спортым, адыгэ кьафэм щыхуагъасэ, адыгэбзэм щыхуагъасащэ пшэхэр хэтщ. Хасэм и унэм текIуэда мыльку и зэхуэдитIым щIигъур хэзылъхьар Мэмрэш Джэнгизщ.

Тумэ Шахуэр, Емуз Баязыт, Емуз Невзэт сымэ ди гупыр унагъуэкIэ дыкъагъэхьэщIащ.

Емуз Баязыт лъэпкъым куэдкIэ сэбэп хуэхъу, адыгэгу зыкIуэцIыIэ цIыхуущ. Ар щIэх-щIэхыурэ хэкужьым къоКIуэж икIи ди тхакIуэхэм я тхыгъэхэм кIэлъыплъ, щIидзыкI зэпытщ. Баязыт фIыуэ щыгъуазэщ Думэн Хьэсэн, БгъэжьнокIуэ Барэсбий, МафIэдз Сэрэбий сымэ я тхыгъэхэм. Марашдэсхэм Баязыт хуагъадэ зи IущагъкIэ цIэрыIуэ хъуа Къэзанокъуэ Жэбагы.

Псом хуэмыдэу кьыхьэгъэщыну сыхуейт Емуз Невзэт (Баязыт и шынжьыщIэращ) кьытхуищIар зыхуэдизыр. Сэ кьызэрызгурыIуамкIэ, губернаторми кьалэм и унафэщIми кьытхуащIауэ хъуар зи жэрдэмыр аращ. Дыщыпсэуа хьэщIэщым и уасэм щыщIэдзауэ кьыттрагъэкIуэда псор аращ ззэзыгъэуIуар. ЪэщIэгъуэн тщIыхуу, Невзэт хьэпэмэту Азэмэт сымэ, щыкIэпшынауэ икIи уэрэджьIакIуэ Иуаз Зубер. Артистхэм я щIыгьнхэм кIэпъыплъу ди гъусащ Нэгъуей Радимэ, къэфакIуэ гуп ирагъэблэгъэну зэрымыхъуэм кьыхэкIэ, къэфэну здэтшар щIыхуитI къудейщ - Тхьэгъэпсэу Нарщащуэ Сокъур Залинэрэ. Аэр фестивальым хуэзыгъэхьэзырар хореограф Бозий Тамарэщ.

- Тыркум фыщыпэсам ди гъэщIэгъуэгъэр дауэ къыфIэIущIа?

- Накъыгъэм и 26-м кхъухьлъатэкIэ Истамбыл дынэсащ. Аэропортым дыщыщIыхьам, Истамбыл щыIэ Адыгэ Хасэхэм ящыщ зым и тхьэмадэ ЖыIэхъж Эрдогъэн «Лыкъуэжь Нелли - адыгэ» жиIэу зытетха тхыльымпIэр иныгъуу дыкъинлъыхъуэрт. Дэ кхъухьлъатэм дитIыхьэу Антеп дыкIуэн хуейт, зэманкIэ къэбзэгъэхуу, дызэпсалъэу дыщысащ. ИтIанэ а щIалэм кхъухьлъатэм дригъэтIысхьащ. Антеп удз гъэгъахэр зыныгъ гупышхэу гуапэу кьыщытпсжьащ, гъэгубгъуэм деж зы джэгушхуэ щытщIри, Мараш дашащ. Дэ хэщIапIэ тхуащIащ «Соффрон» хьэщIэщ екъэжьар.

Мараш дэт Адыгэ Хасэм и унэмрэ и гъжьакIуэхэмрэ дагъэщIыхуащ. Хасэм и тхьэмадэр Тумэ Шахуэрыц. Хасэмрэ абы и унэмрэ я нэ щIэтщ Жылэхьэ ж Ибрэхьим, Дзыгъэнэ Хьэнэфий, Щанэ Эрхьэн, КIэрэф Озгур, Сэмэн Эргун, Пэунэжь Надир, КъущхьэI Хьэмид, Гъуклакъуэ Эрол сымэ. Цыхуу 1000-м нэблагъэ зэкIуалIэ гъэшхэм ресторан, ныбжьыщIэхэр спортым, адыгэ кьафэм щыхуагъасэ, адыгэбзэм щыхуагъасащэ пшэхэр хэтщ. Хасэм и унэм текIуэда мыльку и зэхуэдитIым щIигъур хэзылъхьар Мэмрэш Джэнгизщ.

Тумэ Шахуэр, Емуз Баязыт, Емуз Невзэт сымэ ди гупыр унагъуэкIэ дыкъагъэхьэщIащ.

Емуз Баязыт лъэпкъым куэдкIэ сэбэп хуэхъу, адыгэгу зыкIуэцIыIэ цIыхуущ. Ар щIэх-щIэхыурэ хэкужьым къоКIуэж икIи ди тхакIуэхэм я тхыгъэхэм кIэлъыплъ, щIидзыкI зэпытщ. Баязыт фIыуэ щыгъуазэщ Думэн Хьэсэн, БгъэжьнокIуэ Барэсбий, МафIэдз Сэрэбий сымэ я тхыгъэхэм. Марашдэсхэм Баязыт хуагъадэ зи IущагъкIэ цIэрыIуэ хъуа Къэзанокъуэ Жэбагы.

Псом хуэмыдэу кьыхьэгъэщыну сыхуейт Емуз Невзэт (Баязыт и шынжьыщIэращ) кьытхуищIар зыхуэдизыр. Сэ кьызэрызгурыIуамкIэ, губернаторми кьалэм и унафэщIми кьытхуащIауэ хъуар зи жэрдэмыр аращ. Дыщыпсэуа хьэщIэщым и уасэм щыщIэдзауэ кьыттрагъэкIуэда псор аращ ззэзыгъэуIуар. ЪэщIэгъуэн тщIыхуу, Невзэт хьэпэмэту Азэмэт сымэ, щыкIэпшынауэ икIи уэрэджьIакIуэ Иуаз Зубер. Артистхэм я щIыгьнхэм кIэпъыплъу ди гъусащ Нэгъуей Радимэ, къэфакIуэ гуп ирагъэблэгъэну зэрымыхъуэм кьыхэкIэ, къэфэну здэтшар щIыхуитI къудейщ - Тхьэгъэпсэу Нарщащуэ Сокъур Залинэрэ. Аэр фестивальым хуэзыгъэхьэзырар хореограф Бозий Тамарэщ.

- Тыркум фыщыпэсам ди гъэщIэгъуэгъэр дауэ къыфIэIущIа?

- Накъыгъэм и 26-м кхъухьлъатэкIэ Истамбыл дынэсащ. Аэропортым дыщыщIыхьам, Истамбыл щыIэ Адыгэ Хасэхэм ящыщ зым и тхьэмадэ ЖыIэхъж Эрдогъэн «Лыкъуэжь Нелли - адыгэ» жиIэу зытетха тхыльымпIэр иныгъуу дыкъинлъыхъуэрт. Дэ кхъухьлъатэм дитIыхьэу Антеп дыкIуэн хуейт, зэманкIэ къэбзэгъэхуу, дызэпсалъэу дыщысащ. ИтIанэ а щIалэм кхъухьлъатэм дригъэтIысхьащ. Антеп удз гъэгъахэр зыныгъ гупышхэу гуапэу кьыщытпсжьащ, гъэгубгъуэм деж зы джэгушхуэ щытщIри, Мараш дашащ. Дэ хэщIапIэ тхуащIащ «Соффрон» хьэщIэщ екъэжьар.

Мараш дэт Адыгэ Хасэм и унэмрэ и гъжьакIуэхэмрэ дагъэщIыхуащ. Хасэм и тхьэмадэр Тумэ Шахуэрыц. Хасэмрэ абы и унэмрэ я нэ щIэтщ Жылэхьэ ж Ибрэхьим, Дзыгъэнэ Хьэнэфий, Щанэ Эрхьэн, КIэрэф Озгур, Сэмэн Эргун, Пэунэжь Надир, КъущхьэI Хьэмид, Гъуклакъуэ Эрол сымэ. Цыхуу 1000-м нэблагъэ зэкIуалIэ гъэшхэм ресторан, ныбжьыщIэхэр спортым, адыгэ кьафэм щыхуагъасэ, адыгэбзэм щыхуагъасащэ пшэхэр хэтщ. Хасэм и унэм текIуэда мыльку и зэхуэдитIым щIигъур хэзылъхьар Мэмрэш Джэнгизщ.

Тумэ Шахуэр, Емуз Баязыт, Емуз Невзэт сымэ ди гупыр унагъуэкIэ дыкъагъэхьэщIащ.

Емуз Баязыт лъэпкъым куэдкIэ сэбэп хуэхъу, адыгэгу зыкIуэцIыIэ цIыхуущ. Ар щIэх-щIэхыурэ хэкужьым къоКIуэж икIи ди тхакIуэхэм я тхыгъэхэм кIэлъыплъ, щIидзыкI зэпытщ. Баязыт фIыуэ щыгъуазэщ Думэн

Даур Ринэ и уэрэдым Емуз Баязыт къыдофэ.

Бесłъэней Ренатэ

Ар кьызэрыджьулар, ятрауэ, я фIыщIэщ конкертыр езыгъэкIуэкIа КIэмыргуей Валентинрэ КIарэ Ларисэрэ. Я бзэр щэрыуэу езыхэри екIуу зэщцыхуэпыкIауэ сцеж ит. Мыдэкiэ щыкIэпшынэмэ концертыр пхуэмыIэну игъэдэхащ. Ар хэдгъэхэн и пэ, «ШыкIэпшынэр дауэ къащцыхьуну пIэрэ, ярэби, яцIыхуу пIэрэ, «Гъуагъуэну пIэрэ?», - жыIэурэ дыщэндзэщами, егъэлеяуэ я гум дыхьащ. СыхьэтитIрэ ныкъуэкIэ едгъэкIуэкIыну дубзыхуа концертыр дыкъамыутIыпщу сыхьэтипIлъи щIигъукIэ зэпымыуу екIуэкIащ.

ЕтIуанэ концертыр (зы маху дэкIри) Гёкъун университетым сыхьэт бжьыгъэкIэ щыттащ. Абы Джылахъстэней къуажэхэм кьикIауэ цIыху Iув щызэхуэсат. Университетым дезыгъбзэгъар Гёксуным дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Токъу Бэдрийщ.

Мараш Адыгэ Хасэмрэ кьалащхьэ и унафэщI Мустафа Пойразрэ кьабгъэдэкI щIыхь тхьылъэр кьысхуагъэфэщащ.

- Фэ концерт зэрыщызэлъэгъуар нэмыщI, нэгъуэщI зэIущIэхэм фыхъуа?

- Дэ дыщыщIэну махуэхэм тракъэхуат Мараш Адыгэ Хасэм хэт «Уэркъ» ресторанырыр, ди лъэпкъэгъу Наурыз Пефрин и пианинэр кьыщыIэрыхьынр. Ди гупым кьафэрэ уэрэдхэмкIэ я Iуэхур дгъэдэ хащ. Абы кьрихьэлIащ кьалэ унафэщIхэмрэ депутатхэмрэ.

Кьалэм щауха мэжджыт екIуэ махуэ бжьыгъэ дэкIмэ кьыдыхьэхыну я кьалэIащ.

Абы зыщыдагъэпэлъыхьащ. Зи кIуэцIыр дахэу кьищIыкIа, зи щыыбри екIуу зехьа дин Iуэхущ IапIэр гупым егъэлеяуэ дигу ирихьащ. Абы мыгъащIэм Диниир Зэрабыгъыр зэрыгъэрахьэмрэ кьыщытхутепсэлъыхьащ, кьыпкI-кьиIупэ зальымыгъэрэ диным хэмыту, зы щIыхум и гур адрейм имыкъутэу, зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжрэ щIыхухэм я кум кьыщинхьэу зэрыщIыпыр кьыджаIащ.

ДыхуэхьэщIэну и гуапэу дезыгъэблэгъа Щанэ Айча и унагъуэм зэпукIэ дахэ иIэт. Абыхэм хадэхэкIэр егупуу зэрыщэрахьэм тфIэгъэщIэгъуэну дыкIэпыIупIащ.

Адыгэ Хасэм и унэм дащыIуащIащ хэгъэрейхэм ящыщу кьафэм, уэрэдым, театрым, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм дихьэххэм. Дэтхэнэри хущIэкъурт езыр дзэныхьэхьым теухуауэ щIэ гуэр кьызэрищIэным. Дэри дызыщIэупщIэн диIэт. Iуапэт ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэкIэ дазэрепсалъэр гуфIэгъуэщхуэу зэралъытэр.

Ди хэкуэгъуэм Мысостышхо Пщышъэбий егъэлеяуэ фIыуэ ялъагъуу, ЖьэкIэ-мыхьу КIунэ яцIыхуу, Кьардэнгъущ Iзырамыку и тхыгъэхэм щыгъуазэу, Нало Заур жьипIэмэ, я псэр кьыхьхьэят, я тхыгъэкIэ, я Iуэхущапкъ Iыцхьэр, абы щыIэ я лэжьыгъэм теухуа упщIэ куэдкIи зыкъытхуагъэзащ.

- Нелли, фызыгъэблэгъэхэм япэу фызэрыкIуэр кьаГъыгъу, дауи, Тыркум и кьалэхэмрэ къэлэжьэмрэ я зыщывагъэдпхыхьа къыщIэкIынщ...

- Тыркум дыщыкIуар хэхыныгъэхэм ирихьэIати, абы щыпсэу адыгэхэм лэжьыгъэ яIэу, я Iуэху дэкIыу зэрыщытыр кьыдагъэщIэн папщIэ, кьужьэ 54-рэ зи Iэмышц Iэ иIэ губернатор щыкIуэ Коджотоле, Мараш кьалэм и унафэщI Пойраз Мустафа, кьулыкъущIэ Къущхьэ Шейда сымэ дызыгъэгъэщащ. Адыгэ лъэпкъым адэкIи я Iуэху зэрыдэкIынум, зэрефIэкIуэнум, ильэс пщIы бжьыгъэхэм щIигъуауэ Урысеймрэ Тыркумрэ зэпынхабзэ, щIэныгъэ, хьэрычэтыщIэ, нэгъуэщI зэпыщIэныгъэхэр зэрызэхуаIэм, абы адэкIи зэрызрагъэужьыну щыкIэм теухуа псалъэ купщIафIэ зэхьдагъэхащ. 2008 гъэм Тыркумрэ УФ-мрэ я президентхэм зэращыIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, щIыналъэ-тIыр щэнхабзэ и пIэныкъуэкIэ жыджэру зэрызэдзэлажьэрэ кьыхьагъэщащ. Хэкужьым и лIыкIуэхэр дыкьыстеурыIаш адыгэр апхуэдэу дуней псом щызэбгрыдза щIэхуэ щхьэусыгъуэхэм, дя зэпыщIэныгъэр дгъэбдыну дызэримурадым. Дэ кьыхэдгъэщащ уэрэд жызыIэми, кьафэмрэ, театрым и лэжьакIуэми, усакIуэми я кьалэныр зэрызэтехуэр, щхьэж зэрыпсалъэ бзэмкIэ лъэпкъым зэрыхуэлажьэр. ЗэIущIэм и кIэухым саугъэтхэр зэIэпытхащ, фэеплъ суэртхэр зытредгъэжащ.

Абы щыIэ Джылахъстэней адыгэ къуажэ зыбжанэм - Къарэахьмэд, Янтепа (Хьэпцей), Кьаншыуей, Хьэджумар (Инарыкъуей) зыщыдагъэпIылъхьащ. Абыхэм апэмыжьажьу щыIэ Джылахъстэнеим хьыкъэ Анзорей, Астэмрей, Яндрей, Фындыкъ, Сарайджыкъ, Дейвабойно, Хьэзиз и кьуажэ (Ермулу), Кьамышкъ жьыхэмэ я гугъу кьыткуащIащ, дыщыблэжкIым гъунэгъу зэпэмыплъыт дагъэзытэгъуащ. Апхуэдэущ, абазэх кьуажэхэу Мэмэтбей (Куэшхьэблэщ), Мэхьмудбей (Iыгъухьблэщ), Тахьирбей (Щэуэжь хьэбдэщ), Языкъуей, Адтыньбогъ, Аиифия, Кумбатыр жыгъэхэр, убых кьуажэжь Чэрмурлюр.

Дыздэщыта Джылахъстэней кьуажэхэм дащыкъуэзащ я нэхъыжьыфIхэм. Ахэр зи ныбжьыр илъэс 90-м нэблагъэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Токъу Бэдрий, Думан Хьэсэн, Тыркуем и Парламент Адыгэ Хасэм и унафэщI Пойраз Мустафа, Мараш щыщ адыгэ щIалэ Шейда сымэ дызыгъэгъэщащ.

Адыгэ лъэпкъым адэкIи я Iуэху зэрыдэкIынум, зэрефIэкIуэнум, ильэс пщIы бжьыгъэхэм щIигъуауэ Урысеймрэ Тыркумрэ зэпынхабзэ, щIэныгъэ, хьэрычэтыщIэ, нэгъуэщI зэпыщIэныгъэхэр зэрызэхуаIэм, абы адэкIи зэрызрагъэужьыну щыкIэм теухуа псалъэ купщIафIэ зэхьдагъэхащ. 2008 гъэм Тыркумрэ УФ-мрэ я президентхэм зэращыIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, щIыналъэ-тIыр щэнхабзэ и пIэныкъуэкIэ жыджэру зэрызэдзэлажьэрэ кьыхьагъэщащ.

Абы щэч кьытедмыхьэн папщIэ, Iэхъэщ IэхэрэзэнщIэ зэрыпсалъэр адыгэбзэщ. Абы щэч кьыдыгъэщIэн папщIэ, Iэхъэщ IэхэрэзэнщIэ зэрыпсалъэр зэрыщIэхуэ, зэрыщIэхуэ, щхьэж зэрыпсалъэ бзэмкIэ лъэпкъым зэрыхуэлажьэр. ЗэIущIэм и кIэухым саугъэтхэр зэIэпытхащ, фэеплъ суэртхэр зытредгъэжащ.

Абы щыIэ Джылахъстэней адыгэ къуажэ зыбжанэм - Къарэахьмэд, Янтепа (Хьэпцей), Кьаншыуей, Хьэджумар (Инарыкъуей) зыщыдагъэпIылъхьащ. Абыхэм апэмыжьажьу щыIэ Джылахъстэнеим псомэ депIащ, сурэтхэр ятетхащ, дыщыкъуэщIащ. Я Iэнэхэм адыгэ кхъуейжьапхъэрэ, жэмкуэрэ, пIастэрэ, лэкъымрэ, лыщIыкIулыбжьэрэ, хьэпIэвэрэ, нэгъуэщI ди къэхъуар. Абыхэм зэрыгъэхуэрэ зэрыхэжкупсэм я гугъу писыкIэм щIедзэ, си псэми зехуэ, щыкIуэ зэблэкIэм я нэкIуэм соплъэ. ЩоджэнщыкIУ Алий щIалэщIэ дыдэу абыхэм яхэту, дыкъыпIащIэу, дыкъэзыхьэу зэманым кьибэкъуэкIыу кьытхуэхьэну Iэмал имыгъэзыту кьыщцокIу.

Си пIэр хьэлъэ гуэрым ирешж. А хьэлъэр Гарсио Маркес и «ИлъэсищэкIэ закъуэныгъэ» романым хэта «Лыкъуэжьым, кьэлъэмакъым ильу къэзылъхуахэм я пущIыкъэхэр дэнэ кIуэми кьыздихьэкIыу щытам, и хьэлъэм ещхь гуэрщ. Сэ си пIэр езышэкIыр, дауи, адыгэ тхыдэу мы Истамбыл гъэзэгъэ ирикIуэращ, адыгэ зи хьэлъэ гуэрщ. А Iэнэхэм адыгэ кхъуейжьапхъэрэ, жэмкуэрэ, пIастэрэ, лэкъымрэ, лыщIыкIулыбжьэрэ, хьэпIэвэрэ, нэгъуэщI ди къэхъуар. Абыхэм зэрыгъэхуэрэ зэрыхэжкупсэм я гугъу кьыткуащIэм... ...Тыркум щыпсэу адыгэ пIыкIэм, ильэс 90-м нэблагъэм сыбгъэдэсщ. Абы и закъуэкым, атIэ Къуёкъу Налбий и тхыгъэм хэта адыгэ лIыжьыр, Хэкум имыкIыбзэ щыкIэ жыгым зезыпхыжар, кьызэрпIэ хуэдэу кьыщцокIу...

...Концертым кьекIуэлIа-хэм сахопIъэри, зи щхьэр IэпIэщIкIэ фIэпхыкIа, плащ кIыхь зыщыгъэ куэд яхэтщ. Ахэр Чингиз Айтматовыр зытепхыкъа манкъуртхэм хуэдэу пIэрэ, хьэмэ? Хьэмэщ, сыту жыIэмэ, щыкIэпшынэм и макъыр зэрызэхахыну, нэгъуэщI я нэгуэхэр зэпыуIукIын щIедзэ. Я лым хэтщ а макъамэхэр. Ари сыту фIыт. Куэд яIащIэхуэмри, адыгэпсэр яIутщ, адыгэбзэ къуелейкIэ кьыщIэмыгъэбыдыхьыжами, гуэхыпIэ имыIэу дыдейкэщ. Моуэ таурыхъым зэрыхэтым хуэдэу, зырызу сеIуэсурэ хэхэсхэм я адыгэбзэр кьезгъэзурыпхьакъым, ахуэдэ.

...Унэгущэ Губыр (Емуз) Мелихьа кьызэрIоIэн здэпсалъэм. Си адэшхуэм кьыджиIэжу щытащ, жи: «Мазэм и 15-м пIэкIуэщI ди адэр зэи игъуэтхъакъым, апхуэдэщ дунеим екъыжьау. Ар мазэм епIыурэ нэху игъэшырт Хэкум кьигъэнахэмрэ езырмрэ абы зэдепIырэ, зэрыщIэну зэгурыIуати». Кьысущохъу а хьыбарыр Хэкум икIа куэдым я щхьэ кърикIуауэ, Истамбылакъым и нэщэнэ гуэр хьуауэ.

...ЦIыпIынэ Асльэн зытраукIа адыгагъэ, адыгэ хабзэ дыщэм и пIэкIэ мусльымэныгъэр кьащта хуэдэщ мыбыхэм, соГупсыс сэ... Я псэм ар нэхъ хэпщIауэ пIэрэ, хьэмэрэ дахэу ззэдахьу пIэрэ? ФэщхъуныгъитIыр зэжьэхуэмэ, щтэуч мыхъуу, зэпэшачэу, зэщыщхъуу тхузэхьэну пIэрэ?... Залымыгъэмрэ адыгэ хэмрэ зэи зэдэгъуэгурыкIуэфакъым. ЗыгущIэжьымыщIэ жми, ди Iуэхур хэпIъэгъуэщ.

Шэч зыхэмыльыр зыщ: Хэкум и адыгэхэмрэ Тыркум и адыгэхэмрэ бынжэкIэ дызэпхащ, ауэ ди дуней еплъыкIэр псори зэтехуэжьыркъым. Шхэпс тхуэхъун акъыпрэ щIэныгъэрэ Тхьэм кьытлъыкуунгъкI.

...Истамбыл щыIэ, цIыхуищ дызэгуроIуэ, мес мо тырку ныП зыфIэпэ уэрамым деж дыщызэхуэзэж, жьыдоIэри. АрщхьэкIэ, сыхьэтитIкIэ дызэрыгъэтыжырыкъым, уэраму хъуам тырку кьэралыгъуэм и ныпыр дэнэ дежи щыфIэпIти. «Мимино» кином хэтхэм сыткIэ дакъыкIэрыхурэт. Дыхьэшхэнщ, ауэ нагъыщIэщ.

...СогуфIэ, Мараш дэс адыгэхэм Адыгэ унэ, Адыгэ Хасэ зэраухуам, соГуфIэ кьэдым кьалэн зыщащIыжауэ адыгбзэр зэрадкъым, псоми зырызэ нэхъ мыхъуми, я пIэр ди деж кьахусыжьыну дыкъызэрагъэгугъам щхьэкIэ. Ауэ кьэкIуэнумрэ кьэкIуэжьынумрэ яку дэлъщ упщIэ куэд, жэуап ямыгъэуэтмэ, хэхэс хэр нэхъ псынщIэу хэзыпсыхьыжьину пIэрэ, жьыигъэIэну. Хэти и унагъэкIэ кьэралыгъуэщ, хэти унагъэжькIэ кьэралыгъуэщ.

...Мараш! Си дунеим кьыхьхьащ, адыгэ унагъуэ минитI. Хьэпэмэтлажьэ ар си дежкIэ икIи си насыпIыхьэхэм ящыщщ.

- Фыкъызэрежьажам и гугъу кьытхуэщIыт, Нелли?

- Артистхэр къедгъэжьэжа нэужь, цIыхуищ хъууэ дыкъэнати, Хасащхьэм хэтхэм гупсэ хуу депсэлъащ. Адыгэ щэнхабзэр дунеипсо утыкум итхьэу щыдгъэлъэгъуэну, фестивалыр гъэ кьэс едгъэкIуэкIыну дызэгурыIуащ. А Iуэхум зхуэхуауэ Емуз Невзэт ди Президентым къепсэлъэнущ. Иужьрейуэ, дэнэ щыпсэу адыгэри зы лъэпкъыу дыщыщыткIэ, тенджьызым мывэ зырыз хэдэдэу лъэмыж тщIыуэ дызэкIэлъыкIуэ пашIэ, дызэфIэкIуэд зэрымыхъунур жьитIащ. Ди зэпыщIэныгъэр адэкIэ дауэ хъуну пIэрэ, жьитIэу гупсысэм дыхэту дыкъэгъуэжащ, ди гур абыкIэ епIъэкIыу. ЩIалэгъуэпэ ныбжьэгъу зэхуэхъуащ, зэрымыгъэпIыщыну зэгурыIуащ, Интернетми быдэу зэпещIэ. Ди зэхэугъуэ щIалэхэмрэ зэхьджэбзэмрэ а Iэмалыр кьагъэсэбэпу адыгэбзэр нэхъыфIыжу зэрагъэщIэну я мурадщ, Гуп-гуп защIуэ, цIыху 50 хуэдиз зэрыгъэхъуурэ, кьэкIуэжу тхуэхъущIэну я мурадщ, Iущапэ хьэщIэ кьудей мыхъутэмэ, бетэмал...

Епсэльар

ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

Мараш концерт щатым адыгэ куэд кърихьэлIащ.

● Лъэпкъ Іуэху



Музеим и пщІантІэм.

ЩыІэщ Израилым адыгэ музей

Израилым и Хьалил Ипшэ куейм хнубыдэ Кфар-Камэ адыгэ жылэм иджыблагъэ лъэпкъ музей къыщыхъуахащ. Абы иращІэкІа гуфІэгъуэ зэхьыхьэм кърихьэлІащ Израилым и Кнессетым (Парламентым) и тхьэмадэм и къуэдзэ Маджали Уэхьби, Кфар-Камэ и гъунэгъу кьалэхэу Яркэ, Магар, Кфар-Тавор, Кармиэль, ногъуэшІ жылэхэми я тхьэмадхэр. Апхуэдэуи зэІущІэм хэташ Кфар-Камэ къуажэ администрацэм (хасэм) и Іэтащхьэ Бакир Нисимрэ Рихьние адыгэ жылэм и тхьэмадэ Гъыш Самиррэ.

Маджали Уэхьби

Бакир Нисим

АДЫГЭ лъэпкъ музейр зыщІэт унэр 1915 гъэм Щхьэлахьуэхэ я унагъэм Кфар-Камэ щаухуащ. Езыхэм я псэупІэу щыта а унэр 1920 гъэхэм хьэщІэщ хьуащ. ИужькІэ абы щыпсэуащ тырку политик щІэрыІуэ, къэрал лэжьакІуэ Ататюрк и гъусэу революцэ зыщІа Этхем Черкесэр абы и кьуэш Рашидрэ. А лъэхъэнэм кьуажэ щІыкІур зыхиубыдэр Палестинэрат.

Къэралымрэ кьуажэмрэ я Іэтащхьэхэм я унафэкІэ яуха лъэпкъ музейр иджыпсту щІыхуи 5 щолажьэ. Музейм и унафэщІ Гъуагъуэ Зухьер, абы и кьуэдзэщ Жьэжьей Зэчрей. Нэпсо Айбек, Тхьэухьэхэр Зэчрейрэ Ясминрэ мыбы Іуэху щыгъэразэ.

Ди лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, бзэр, ди адэжьхэм зэрахьа хабзэхэр хьума хъунымкІэ мыхьэнэшхуэ зыгъэзащІэ музейм щІэлъ хьэпшыпхэр зэхуэхьэсынымкІэ сэбэпышхуэ хьуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Лъэпкъ музейр (Накуэ Феликс), Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетыр (ХьэфІыцІэ Мухьэмэд).

Музейр пэши 8 мэхъу. Абыхэм ящыщ зым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен и цІэр зэрехьэ. Ар хуабжьу ядэІэпыкъуащ Кфар-Камэ щыІэ музейр къыщІэгъэпэщынымкІэ, щІэлъ хьэпшыпхэр къэзыщІыкІыр.

Абыхэм ящыщ зым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен и цІэр зэрехьэ.

ШЫПІЩДаянэ.

Гъуагъуэ Зухьеррэ Жьэжьей Зэчрейрэ Кьанокъуэ Арсен теухуа стендым деж щытщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Зывгъэдахэ

Сэбэп мэхъу

Цыхубзхэм къагъэсэбэп сэхуэсапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр куэдыкІейуэ щІэлъщ ди тыкэнхэм, ауэ напэщыхуэхэр езыхэм ягъэхъэзырыжмэ нэхъ къэзыщтэхэри щыІэщ. Мис абыхэм я зэхэлъхьэкІэ зыбжанэ. Ахэр сэбэп мэхъу напафэр дахэу щытыпхымкІэ.

МыІэрысэмрэ къыпцІэмрэ къыхэщІыкІауэ

Халъхьэхэр: мыІэрысэ тхъунцІа грамм 50, цыкІыу упщІэта тхьапцІэу апхуэдизу дыдэ, щатэ е щатэпс бжэмышх цыкІу, бжэмышыхьэхэм и ныкъуэ крахмал.

Зэрагъэхьэзырыр: псори зэхьыболъхьэри, зэщыщ хъуху зэІыбощІэ.

Къыззрагъэсэбэпыр: зэхэлъыр напэ кьабзэм щыбохуэри, дакъикъэ 15-кІэ кІэрыбогъэлъ. Шеипс хуабжьу ботхьэщІыж.

МэракІуэрысэм къыхэщІыкІауэ

Халъхьэхэр: мэракІуэрысэ хъуауэ грамм 300, фо бжэмышх цыкІу, кхъуейІалъэ бжэмышышхуэрэ ныкъуэрэ.

Зэрагъэхьэзырыр: хъудыр хъухукІэ зэІыбощІэ.

Къыззрагъэсэбэпыр: щеткэ щабжкІэ напэм щыбохуэ. Ар дакъикъи 10 кІэрылъа нэужь, псы хуабжьэ, итІанэ псы щыІэкІэ ботхьэщІыж.

Франджы маскэ

Халъхьэхэр: бжэмышышхуэу тІум из санэрэ нащэ тхъунщІауэ апхуэдизэ.

Зэрагъэхьэзырыр: санэр тепщэч куу цыкІум ильу зэхыбоПытІэ, нащэр цыкІу дыдэу ботхъунщІри, зэхыбогъэзэрыхь.

Къыззрагъэсэбэпыр: щеткэ щабжэ цыкІукІэ нэкІум щыбохуэ. Дакъикъи 10 тельа нэужь, псы къэкъуэлъа упщІыгъажкІэ уи напэр ботхьэщІыж.

ДОХЪУШОКЪУЭ Дыщэнэ.

● Шхынигъуэхэр

Къэбыстэ зэхэупщІэта

Къэбыстэр, гъуэжь хъуа и фэр трагъэжри, псы щыІэкІэ ятхьэщІ, Іыхьшп-Іыхьитхуу зэгуагъэж, бгъуэ щыкІуурэ яупщІатэ, итІанэ дзэху шынакъым иралъхьэ, шыгъу хаудэри, щабэ хъуху ІэкІэ зэІащІэ, абы къыщІэжа псыри иракІут. ЗэхэупщІэтам шыбжий фІыцІэ, шыбжий пІыжькъ сыр хъэжа, шатэ халъхьэри, аргуэру бжэмышхкІэ зэІащІэж. Іэнэм тепщэч щыкІукІэ трагъэувэ, бжьыныщхъэ упщІэта тегъэщэщІауэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Адыгэ пащтыхьхэр

Къалэунэ Хъэлил *(1290 - 1294)*

Хъэлил 1290 гъэм мысыр пащтыхь тахъэм итІысхьащ. Арп ерыщу и уэрэ итащ жорзехьэхэр хьэрыпІ-мусЛымэн щыналъэм ирихужьыну. Абыхэм Аккэ къалэр илъэси 100-кІэ яІыгъауэ кьалэщІигъэкІыжащ Хъэлил. Аккэ дэта кхъухь тедзапІэм деж щыхэтІа мывэм хьэрыпІыбзэкІэ, инджылыІыбзэкІэ, журтыбзэкІэ тетхащ: «Мыбдеж щичэщ жорзехьэхэм я тетыгъуэр». А мывэр нобэми щытщ. Хъэлил и шэрджэс зауэлІэр и дэлэпкъуэгъуу кьалэр щызыІэригъэхьэ жар 1291 гъэращ.

Пащтыхь Хъэлил и дзэм ермэлыхэм я кьалащхьэр кьищтауэ кьызыдигъэзэжым яуклІауэ щытащ. Абы кхьыхуэзгуэп пщы гуп, Бедрэ я нэхъыщхьэу, Хъэлил теуэри, яІэщІкІуэдащ. Бедрэ пащтыхьу ягъэувэ щхьэкІэ, ар нэху кърагъэкІакъым - Хъэлил и бльгущІэтхэм яуклІыжащ. Абы ипкъ иткІэ, а лъэхъэнэм Мысырым тета пащтыхьхэм Бедрэ хабжакъым тхыдэтхэхэм.

Хъэлил кхыкІэтыкІауэ езым и кьуэш Мухьэмэд.

Къалэунэ Мухьэмэд *(1294 - 1295)*

Къалэунэ Мухьэмэд пІалъэщкІэ пащтыхьу щыгъащ. И апэ хжьыгъуэм, и ныбжьыр илъэси 9 хъу къудейуэ арати, къэралыр дзэпщ Тэтыбгъэ зэрихьащ.

Пащтыхь Мухьэмэд и гъащІэр ирихьэкІащ тэтэр-монголхэм апэщІэту. Абыхэм я дзэ 100.000 хъур, я пащтыхь Гъазан (Гъазан (Къэзан) - тэтэр хьанщ, мусЛымэн сунитщ) я пашэу, Сирием щыщ Хьэмус къалэ деж щыпэврри, зауэлІ 30.000 фІэкІа мыхъу и дзэмкІэ иригъэкІуэтащ Мухьэмэд. И пащтыхьыгъэр Мароккэ нэсат, а щыналъэхэм езым щигъэува и дэлэпкъуэгъуэм унафэ щащІу, 1341 гъэм дунейм ехыжащ. И апэ тетыгъуэм щыгъуэ къэралІуэхур зи пщэ дэлъа Чэтыбгъэрэ пщы гупымрэ зэгурыІуэри, пащтыхьыр тридзри, езы Чэтыбгъэ ягъэуващ.

Пащтыхь Мухьэмэд и апэ тетыгъуэр мазэ 11-щ зэрекІуэкІар, Чэтыбгъэ абы кьыкІэлъыкІуащ.

Іэл-Хьадел Чэтыбгъэ Іэл-Мэнсури *(1295 - 1297)*

Къалэунэ Сейфуд-дин Хьэмус къалэ деж тэтэрхэм щыщыпэщІэувам щыгъуэ, гъэр кьинщІахэм ящыщи Чэтыбгъэ. Ар щхьэхуит ящыжа нэужь, дэкІэтэйуэрэ пащтыхь къуэдзэ хъуащ, итІанэ тахьтэм тесыр тригъэкІри, езыр теуващ.

Чэтыбгъэ Щам щыналъэм щыІэу, Мысыр щыІэ пщыхэр зэгурыІуэри, Лашын пащтыхьу трагъэуващ. Чэтыбгъэ здэщыІэм кьэнащ, пащтыхь щэри имыІэжу.

Чэтыбгъэ пащтыхьу зэрытетар итъэситІщ. Абы и зэманым хьэпшыпхэм я уасэхэр дэуеящ, уз зэрыщІалэри кьежьащ, Нилым ипсри гъуащ, монгол лъэпкъым щыщхэр Мысырым куэд щыхъуащ.

Кьыхэзгъэщыпхъэщ, Кьалэунэ Мухьэмэд агъуэру пащтыхьу щытеувэжми, Чэтыбгъэ зэрыпсэуар, езы Мухьэмэд и кьуэдзэу зэрыщытар. А уви ІэпэІ и ныгъащ дунейм ехыжыхукІэ. Абы кьыкІэтыкІауэ пащтыхь Лашын.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

● ЩІыхуэхъэм я гупсысэхэр

Зэвгъэзахуэу зевгъасэ

Цыхур щІэпсэур бей хъун щхьэкІэкъым, атІэ насыпыфІэ хъун щхьэкІэщ.

СТЕНДАЛЬ.

ГъащІэращ цыхум дежкІэ нэхъ лъапІэр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, а зыращ зэпхар ди гурыфІыгъуэхэри, ди насыпри, ди гугъапІэхэри.

ЧЕРНЫШЕВСКИЙ Николай.

Къулейсызыр куэд щощІэ, ауэ мылъкум дихьэхам зыри хуримкъуркъым.

ПУБЛИЛИЙ Сир.

Къулей фыхъуну фыхуеймэ, ахъшэ къэвлэжьыным и мызакъуэу, зэвгъэзахуэу зевгъасэ.

БЕНДЖАМИН Франклин.

● Хъуэжъу

Дзэлыкъуэ куейм хыхэ Кьармэхьэблэ къуажэм щыпсэу Хьэжкіуэн Хьэбил нобэ къыщалъхуа махуэщи, йохъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ нэхъыжьыфІым уи узынщагъэрэ уи гуащІэрэ мыкІуэщІу, дзэрэжьгъу э уиІэу, быным, абыхэм я щэблэм я насыпым уи псэр игъэгуфІэрэ уи пУм ехуэбылІэу, узипльыр жьэгур мыужьыхьу, уи щхьэгъуэсэ Майе къыпкъуэту кУдрэ уи махуэшхуэр дгъэльапІэну ди гуапэу дыхонхъуэхури, нэхъыфІымкІэ ГкъэР къыпхуэупсэ!

ПщІэ къыпхуэзыщІ уи гъунэгъуэхэр.

● Псалъэжьхэр

Хахуэм и анэр гъыркъым

Уи ныбжьэгъур ун гъуджэщ.

Адыгэ.

Псалъэ гуапэм мывэрп щабэ ещІ.

Табасаран.

Щэм зы цыху еукІ, псалъэр цыхунищым тохуэ.

Авар.

Псэлъэрейр бдзэжьеящ здумышэ.

Ингуш.

Хахуэм и анэр гъыркъым.

Къумыкъу.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** МусЛымэнхэм я махуэ ІпапІэ. **8.** Жьэгу натІэм хэщІыхьа тегъэуварІэ. **10.** МафІэ бзий кьыдидз у, уафэм кьыщоуэ. **12.** Блэ зэуар ... щощтэ. **13.** Диригер цІэрыІуэ Темыркъан Юрэ, тхакІуэ, драматург щэджащэ ІутІыж Борис, дунейпсо Олимп Джэгуэм я чемпион Кьардэн Мурат сымэ я къуажэ. **14.** Жьэ бзаджэ зыщІэт. **17.** Дждкъаз. **19.** Чы щыкІэ къыумыгъэшар ... хъуа нэужь къыпхуэгъэщыжыркъым. **23.** Мэжаджэ, чыржын, хьэтыкъ ... **26.** Цыхубзхэм (цыхуэху кУдми) кьыздрахьэкІ хьэпшып. **27.** ЩыщІэ мыгъасэ. **28.** ... бэлтоку. **31.** Ар вы бжьакъуэм тести, «сыт пщІэр?» жаІэу щеупщІым, «довэ» жиІащ. **32.** Пшынауэ щІэрыІуэ. Къашьргъэ КІуращ, композитор, КъБР-м и цыхуб тхакІуэ Хьэхъупащ Хьэжбэчыр, уэрэджыакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхуб артист Бэрэгъуэ Владимир сымэ я къуажэ. **33.** Дунейм ехьжам хужаІэ хабзэщ: «... нэжу Тхьэм кърит». **36.** Іэщым и Іус. **37.** Зи нэхэр кууэ ис. **38.** Кьыдальхуауэ цыхум и щІыфэм тет. **40.** Жьгыкъу гъуанэхэр зи псэупІэ псэущхьэ кІэ баринэшхъэ. **41.** Іэпсльапсым щыщщ. **44.** Фашистхэр кьыщыттеу эм, ди цыхуэхэм ... кьащтэри биймрэ пэщІуваш. **48.** Мэз, губгъуэ псэущхьэшхъэ. НэхьыбЭу зэдэщыІэр къэралым и ищхьэрэ щыналъэрщ. **52.** МыІупщІ, мыбеледжьлы. **53.** Совет Союзым и Іыхьжьхьэу, Кьардэн зэщхэу Кьубатий, Къэбард, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щытахэу Бэрбэч ХьэтІутІэ, Льостэн Владимир, тхакІуэ-усакІуэхэу Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ я къуажэ. **54.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакІуэхэм я зэгугъэныгъэм и тхьэмадэ. **55.** ХьэжІэкхъуэкІэ щынагъуэ. **56.** Танкэхэу зи щыта, Совет Союзым и Лы-хьужь.

Кьехьу: **1.** Кьамылым кхъащІыкІ алэрыбгъу. **2.** Джэд нэхьрэ ... нэхь Іущщ. 3. «... жэщ» - Молэ Владимиррэ Джэдгъэф Борисрэ яуса, Сокъур Ольгэ игъэащІэ уэрэд щэрыІуэ. **4.** Епланэ нэмэз щыІуэ. **6.** Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал театрым и набдзэу щыта джэрэгуакІуэшхуэ, РСФСР-м и цыхуб артист. **7.** Мылькуэ зи куэд. **9.** Кьуалэбзу пщэ кІыхь лъакьуэ псыгъуэ. **11.** Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **15.** ... вы бжьакъуэм къокІ. **16.** Гъэмахуэм гъэгъа хужьхэр кьызыпидзэ, бжьыхьхъэм зи жьлэхэр фІыщІэ хъУ удэ баринэ лІэужьыгъуэ. **17.** Іэщ пІащэ. **18.** Жыгым тет кьдамэхэр трауп щІыкІа нэужь кьытенэ «ІэпІэпІэхэр». **20.** Хьэлъ гупэмрэ и щыбагъымрэ. **21.** Пшэр, зи ныбэр къежьа. **22.** Унащхьэ бльным дэкІуэу къыпыт натІэ. **24.** Удз сыр лІэужьыгъуэ. Щыхум яшх. **25.** Псы Іуфэхэм щыпсэу кьуалэбзу цыкІу, щІагъуэ мыльэ эфу. **29.** Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпІэ. **30.** ХадэхэкІ. **34.** ... зэхэдзэ нэхьрэ, Іыхьэ зэхэдзэ. **35.** Зи бгъуитІыр зэпэгъунэгъу, Іуэ. **39.** Кьыщокъуэ Алим и «Мазэ ныкъуэ щхьэцантІэ» романым хэт щІалэщІэ. **40.** Щыхубз щыгъын. **42.** Нартхэм я бжьамиятщэ. **43.** Іэщ пІащэ. **45.** Адыгейм и президенту щыта. **46.** Уи мыІуэху зепхуэмэ, уи щхьэм кьытехуэнкІэ зыпхунущ. **47.** Ахьшэ жьгъей. Нэхьапэм щІахъуэ хужь кьыщІэкІырт. **48.** « ... имыт-мэ, льакъуэм и мыгъуагъэщ». **49.** ... топ е шэрхъ. **50.** Ди щыпІэм куэду кьыщыкІ, зи пхъэр бЛдэ жыг лІэужьыгъуэ. **51.** Уэлбанэ нэужьым кумбхэм кьинэ псы фІей.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкъуэуэгъуэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Кьардэн. **6.** Бащлыкъ. **10.** Батыр. **11.** МацІыкъ. **12.** Бжэндэ хъу. **15.** Хьэиуэ. **16.** Аруан. **17.** Къэб. **18.** Хэку. **21.** ХьэмкІэ. **22.** Поэмэ. **24.** Псыхуабэ. **29.** Гуэлуэн. **30.** Сыхьэн. **31.** Мэдзгу. **32.** Чыржын.

Кьехьу: **1.** Дадыху. **2.** КІэсыж. **3.** Уащхъуэ. **4.** Цыджан. **7.** Саугъэт. **8.** Гуэн. **9.** «Хьымсад». **13.** Дэрбзэр. **14.** Гъатхэпэ. **19.** Мэрэзэхъу. **20.** Емынэжь. **23.** Бэшэч. **25.** Сэлэт. **26.** ХущІэ. **27.** Бэдын. **28.** Жырыкъ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

ЕджапІэ щІэтІысхьэнухэм, абыхэм я адэ-анэхэм гу зылъатапхъэ

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм фыщегъэгъуазэ Щукин Борис и цІэр зезыхьэ театр институтым и адыгэ актер студием драмтеатрымрэ кинормэ я актер, драмэм и режиссурэ Іэщіагъэхэм хуеджэнуэр къыщыхихыну зэманыр и кІэм зэрыгнэблагъэм.

ЩІэтІысхьэхэм бадзэуэгъуэм и 9-м сыхьэтыр 11-м Щоджэнцыкіу Алий и щІэр зезыхьэ къэрал драмтеатрым экзаменхэм я етІуанэ Іыхьэр щатынущ.

Институтым щІэтІысхьэну хуейхэм я дэфтэрхэр бадзэуэгъуэм и 7 пщІондэ Іахынущ.

УпщІэ зиІэхэр мы телефонхэмкІэ фыпсалъэ хъунущ: **8 (8662) 47-23-68; 40-22-35.**

● Псэлъафэ хэм къарыкІыр

Хуэмыза лІыфІщ

Хуэмыза лІыфІщ. Уи щхьэ къэмысауэ, умыгъэунэхуауэ кьыбгурыІуэнукъым, пщІэнукъым ар - жьхуэІущ.

ЩАУЭ Къэлэдар.

и тезыр щылысыжьым деж жаІэ хабзэщ.

● Гушыіэхэр

Дыгъуасэрейм щыщ къызэт

И машинэм гъэсыныпхъэ иригъэкІэну Іуэха щІалэм игъэхъуапІэм и лэжьакІуэм къыжреІэ:

- Кьысхуэгъэгъу, ауэ нобэ бензин уасэм хэхъуащ.

- Абы щыгъуэ дыгъуасэрейм щыщ литр 50 къысхуигъахъуэ.

Ар сэракъым

ЩхьэщІ щІэщапІэм пІащІэу щІэлъэда, щхьэщ бащэ, Іув зытелъ лІыр зы хъыджэбзым бгъэдохьэри жреІэ:

- КхъыІэ, апэм зэрысхущІэпщам хуэдэу схупыупщІ.

- Ар сэракъым, сэ мыбы сызэрыщылажьэрэ зы ильэс хъууэ аращ.

КъыпфІэсхьаци, къызэтыж

ЩІалэр и ныбжьэгъум деж щІохьэри, жреІэ:

- СыкъыщІэкІуар пщІэрэ?

- СощІэ!

ПщІэркъым, баз дызэпигъэхьэ сом минщІэ.

- Уэлэхьи сощІэмэ, ахъшэ щыхуэ ухуейуэ аращ.

- КъэпщІакъым, сом миныр къыпфІэсхьащи, къызэтыж.

ДОХЪУШОКЪУЭ Дыщэнэ.



ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ -47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщапхъэхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмоэхэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэщапхъэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-р къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ*(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.)* корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу БатІнтІэ Маринэт. *КомпьютерКІэ газетым и текІуэн яІащ* Ныр Саидэ, Щомахъэ Марианэ, *сурэттхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.025●Заказ №1772

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.